**WO’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**Berdaq ati’ndag`i’ Qaraqalpaq ma`mleketlik universiteti**

**Qaraqalpaq til bilimi kafedrasi’**

**Abieva Gulzada**

**Tema: Dawissizlardin’ tu’rli fonetikaliq jag’daylarda jumsaliw wo’zgeshelikleri**

# PITKERIW QA`NIGELIK JUMI’SI’

**İ limiy basshi’: akademik Abatbay Da’wletov**

**No`kis – 2013**

Jaqlawg`a ruxsat berildi

| | |
|---|---|
| Fakultet dekani’: | docent Q. Turdi’baev |
| Kafedra basli’g’i’: | professor M. Qudaybergenov |
| Ilimiy basshi’: | akademik A. Da’wletov |

# Dawi’ssi’zlardi’n’ tu’rli fonetikali’q jag’daylarda jumsali’w wo’zgeshelikleri

Ma’mleketlik attestaciya komissiyasi’ni’n’ qarari’:

Abieva Gu’lzadani’n’ pitkeriw qa’nigelik jumi’si’na
«_____» bahasi’ qoyilsi’n.
«_____» _________ 2013-ji’l.

MAK basli’g’i’: ____________________________
MAK ag’zalari’: ____________________________
____________________________
____________________________

# MAZMUNI’

**Kirisiw**…………………………………………………………………….3

Dawi’ssi’zlar ha’m wolardi’n’ jumsali’wi’ haqqi’nda tu’sinik……………4

Temani’n’ izertleniwi……………………………………………………...5

I BAP. **Shawqi’mli’ dawi’ssi’zlardi’n’ jumsali’wi’** .................................9

1.1. U’nli dawi’ssi’zlardi’n’ jumsali’wi’……………………………...21

1.2. U’nsiz dawi’ssi’zlardi’n’ jumsali’wi’………………………………28

II BAP. **Sonor dawi’ssi’zlardi’n’ jumsali’wi’**.........................................35

2.1. Awi’zli’q sonorlardi’n’ jumsali’wi’……………………………….38

2.2. Muri’nli’q sonorlardi’n’ jumsali’wi’……………………………...50

**Juwmaq**……………………………………………………………...61

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar**…...……………………………………….64

# Kirisiw

Til ja'miyetlik qubi'li's bolg'anli'qtan barli'q waqi'tta jetilisip, rawajlani'p woti'radi'. Prezidentimiz I.Karimov "Wo'zlikti an'law, milliy sana ha'm woy-pikirdin' ko'rinisi, a'wladlar wortasi'ndag'i' ruwxi'y-ma'nawiy baylani's til arqali' ko'rinetug'i'nli'g'i' ma'lim. Barli'q iygilikli pazi'yletler insan qa'lbine, yen' a'wele ana ha'yyiwi, ana tilinin' takirarlanbas go'zzalli'g'i' menen sin'edi.

Ulli ag'arti'wshi' babami'z Abdulla Avlani'ydi'n' so'zleri menen aytqanda "Ha'r bir millettin' du'nyada barli'g'i'n ko'rsetetug'i'n turmi's aynasi' til ha'm a'debiyati'dur. Milliy tildi jog'alti'w millettin' ruwxi'n jog'alti'wdur[1]."

A'debiy tildin' jetilisiwi ha'm rawajlani'wi'nda woni'n' fonetikali'q, grammatikali'q ha'm a'meliy ta'repleri u'lken a'hmiyetke iye. 1917-ji'lg'a shekem qaraqalpaq tilinin' grammatikali'q ha'm fonetikali'q quri'li'si' haqqi'nda mag'luwmatlar bolmadi'[2].

Tildegi fonemalardi'n' jumsali'w jiyiligi ma'selesi a'sirese son'g'i' da'wirde uluwma du'nya tillerinde lingvistlerdi qi'zi'qti'ri'p ati'r. Tildin' fonemali'q quri'li'si'ndag'i' tu'rli fonetikali'q jag'daylarda jumsali'wi'nda wortaq ni'zamli'li'q bar. Tildegi belgili bir fonemalar tipi so'zdin' ayri'qsha bir pozitciyasi'nda, so'zdin' basi'nda, wortasi'nda, so'n'i'nda ko'birek ya azi'raq jumsali'wi' yamasa pu'tkilley jumsalmawi' mu'mkin.

Belgili til ilimpazlari' A.Shleyxer, I.A.Boduen de Kurtene, M.S.Trubeckoy ha'm tag'i' basqalar til iliminin' fonetika tarawi' boyi'nsha ilimiy izertlew jumi'slari' jazg'an. Wolardi'n' a'sirese, fonologiyali'q ma'selelerge baylani'sli' fonemag'a tiykarlang'an pikirleri a'debiyatlarda ko'plep ushi'rasadi'.Misali': N.S.Trubeckoydi'n' pikirinshe seslerdin' jumsali'wi'ndag'i' shekleniwshilik ha'r tu'rli tillerde ha'r qi'yli' da'rejede boladi'. Dawi'sli' fonemalar bir pozitciyada, al dawi'ssi'z fonemalar yekinshi bir poziciyada bir-birine qarag'anda ko'birek ya

---

1. Karimov.I. Joqari' ma'nawiyat-jen'ilmes ku'sh. Tashkent, Manawiyat. 2008. 83-bet.
2. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. II-том, фонетика и морфология , часть I

azi’raq jumsali’wi’ mu’mkin. Mi’sali’, dawi’ssi’z fonemalar so’zlerdin’ basi’nda ko’p jumsaladi’ da, dawi’sli’lar so’zdin’ aqirinda ko’p jumsaladi’. Al geypara tillerde dawi’ssi’z fonemalar so’zdin’ aqi’ri’nda hesh qollani’lmawi’ mu’mkin.[3]

Tu’rkiy tilleri soni’n’ ishinde qaraqalpaq tilinde de so’zlerdin’ quri’li’si’nda dawi’sli’ menen dawi’ssi’zdi’n’ qatarlasi’p keliwi ju’da’ ken’ yen jayg’an qubi’li’s boli’p sanaladi’. L.R.Zinderdin’ ko’rsetiwi boyi’nsha dawi’sli’dan son’ turg’an dawi’ssi’z ko’birek buwi’n shegarasi’nda kele woti’ri’p, aldi’n’g’i’ buwi’nni’n’ quri’li’si’nan keyingi buwi’ng’a wo’tip ketiw uqi’bi’na iye bolg’an. “Woni’n’ u’stine kem-kem pa’t ali’p ku’sheyip barati’rg’andag’i’ buwi’nni’n’ aldi’nda kelgen dawi’ssi’z ses kem-kem a’zzilep, tamamlani’p barati’rg’an son’i’nda kelgen dawi’ssi’zg’a qarag’anda ko’birek ha’m turaqli’raq wo’zgeriske ushi’raydi’ ha’m bul jag’day tilde ko’birek yen jayg’an”[4].

Buwi’n qurami’ndag’i’ dawi’sli’ni’n’ wo’zinin’ aldi’nda kelgen dawi’ssi’zg’a ta’sirin mi’naday fonetikali’q sebepler arqali’ tu’sindiriwge boladi’. Jin’ishke dawi’sli’lar bolg’an a’, i, o’, u’, e aldi’ndag’i’ dawi’ssi’z fonemalardi’ jin’ishke yetip ko’rsetedi. Al juwan dawi’sli’lar a, i’, o, u aldi’nda kelgen dawi’ssi’z fonemalardi’ juwan yetip ko’rsetedi.

Qaraqalpaq tilinde yerinlik dawi’sli’lar bolg’an o, o’, u, u’ fonemalari’ aldi’nda turg’an dawi’ssi’z fonemani’ yerinlik dawi’ssi’z fonemalarg’a aylandi’radi’. Sonli’qtan yerinlik dawi’ssi’zlar yerinlik dawi’sli’ni’n’ i’n’g’ayi’na qaray, birde juwan, birde jin’ishke ren’klerinde ayti’ladi’. Dawi’sli’ fonemani’n’ keynindegi dawi’ssi’z fonemag’a ta’siri de, dawi’sli’ sestin’ aldi’nda kelgen dawi’ssi’z seske tiygizgen ta’sirindey boladi’.

A.Da’wletovti’n’ ko’rsetiwi boyi’nsha qaraqalpaq tilinde dawi’sli’ fonemalardi’n’ ayri’qsha to’rt tu’rli tembri tutas buwi’n menen birgelikte singarmonizm ko’leminde ani’q ko’rinedi. “Bular juwan yeziwlik, jin’ishke

3. Трубецкой Н.С. Основы фонологии. М., 1960, 279-284-с
4 Зиндер Л.Р. Общая фонетика. М.,1979, –С.224.

yeziwlik, juwan yerinlik, jin’ishke yerinlik degen tembrler boli’p tabi’ladi’”[5]. Dawi’sli’lardi’n’ buwi’n ko’lemindegi bul to’rt tu’rli tembrdegi ayti’li’wi’ sol buwi’nlarda kelgen dawi’ssi’zlardi’n’ da solarg’a sa’ykes turaqli’ tu’rde mudami’ to’rt tu’rli ren’klerde ayti’li’wi’n ta’miyinleydi, dep ko’rsetedi. Avtordi’n’ aytqani’n da’lillew ushi’n mi’na to’rt so’zdin’ mi’sali’nda ani’q ko’riwimizge boladi’. Mi’sali’: tar, t´er´, t°or°, t´°o’r´°. Bunda so’zler quri’li’si’ndag’i’ tek g’ana dawi’sli’ fonemalar yemes, al so’zler tutasi’ menen bir-birine qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. Mi’sali’: tar-t´er´, t°or°-t´°o’r´° juwan-jin’ishke, t´or´-tar, t´°o’r´°-ter yerinlik-yeziwlik tu’rinde jumsaladi’.

Qaraqalpaq tilinde dawi’sli’ fonemalar da, dawi’ssi’z fonemalar da singarmonizm ni’zami’na muwapi’q yeki tu’rli fonologiyali’q qa’siyetke iye boladi’. Bul fonemalardi’n’ ha’r biri segmentlik da’rejede ayri’qsha fonema xi’zmetin atqaradi’. Soni’n’ menen birge supersegmentlik da’rejede fonemali’q xi’zmet atqaratug’i’n buwi’nni’n’ si’n’ari’ xi’zmetin atqaradi’.

Qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’z fonemalar buwi’nni’n’ juwan yeziwlik, jin’ishke yeziwlik yekenligine, juwan yerinlik yamasa jin’ishke yerinlik yekenligine baylani’sli’ buwi’n fonemani’n’ si’n’ari’ retinde birde juwan yeziwlik, birde jin’ishke yeziwlik, birde juwan yerinlik, birde jin’ishke yerinlik tu’rinde jumsaladi’.

**Temani’n’ izertleniwi.** Qaraqalpaq tilinin’ fonetika tarawi’n izertlewde to’mendegi ilimpazlardi’n’ miynetlerin atap wo’tken wori’nli’ boladi’. Wolardan N.A.Baskakovti’n’ yeki tomli’q “Qaraqalpaq tili”[6] miynetin, K.Ubaydullaevti’n’ “Ha’zirgi zaman qaraqalpaq tili”[7], E.Berdimuratov. A.Da’wletovlardi’n’ “Ha’zirgi qaraqalpaq tili”[8], A.Da’wletovti’n’ “Ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi vokalizm”[9]

[5] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили фонетика, Нөкис, 1994, 142-бет.
6. Баскаков Н.А. Каракалпакскии язык. Фонетика и морфология. М., 1951, часть I. М., 1952, часть II.
7. Ubaydullaev K. Ha’zirgi zaman qaraqalpaq tili. Fonetika. No’kis, 1965.
8. Berdimuratov E., Da’wletov.A. Ha’zirgi qaraqalpaq tili. No’kis,”Qaraqalpaqstan”, 1979.
9. Даулетов А. Вокализм каракалпакского языка. Самарканд, 1976.

miynetlerin, sonday-aq J.Aralbaev[10], K.Kaliev[11] ha'm R.S.Beknazarovalardi'n'[12] miynetlerin atap wo'tiwimizge boladi'. Bul miynetlerde dawi'sli' ha'm dawi'ssi'z sesler haqqinda, wolardi'n' qurami', klassifikaciyasi', jasali'wlari' tag'i' basqa ma'seleleri boyi'nsha ko'p g'ana pikirler aytqan.

N.A.Baskakovti'n' "Каракалпакский язык" atli' kitabi'[13] qaraqalpaq til bilimi ushi'n u'lken tariyxiy waqiya boldi'. Bul kitapti'n' II tomi' fonetika ha'm morfologiya tarawlari'na arnalg'an. Bul kitapti'n' "Fonetika" tarawi' tiykarg'i' yeki bo'limnen ibarat boli'p, wonda dawi'sli' ha'm dawi'ssi'z sesler ayri'qsha so'z yetiledi.

Qaraqalpaq tilinin' seslik sistemasi'n izertlewde K.Ubaydullaev jemisli miynet etti. Bul taraw boyi'nsha avtordi'n' ko'lemli jumi'slari'ni'n' biri woni'n' "Ha'zirgi zaman qaraqalpaq tili. Fonetika"[14] atli' miyneti boli'p tabi'ladi'. Bul jumi's fonetika haqqi'nda uluwma mag'luwmat, dawi'sli' fonemalar, dawi'ssi'z fonemalar, fonetikali'q ni'zamlar, buwi'n, pa't degen tarawlardan ibarat.

Qaraqalpaq til biliminin' rawajlani'wi'nda, woni'n' uluwma xali'qli'q tili ha'm dialektlik sistemasi'ni'n' izertleniwinde prof. D.S.Nasirovti'n' miyneti[15] u'lken a'hmiyetke iye. Qaraqalpaq tilinin' dialektlik wo'zgesheliklerin izertlew bari'si'nda wol qaraqalpaq a'debiy tilinin' seslik du'zilisi ma'seleleri jo'ninde bahali' pikirler bildirdi.

Qaraqalpaq tilinin' seslik sistemasi'n arnawli' izertlewshi ali'm akademik Abatbay Da'wletov, wol wo'zinin' bir qansha miynetlerin qaraqalpaq tili

---

10. Аралбаев Ж. Фонетическая система современного каракалпакского языка. Алма-Ата, 1949.

11. Калиев К. О редукции гласных звуков в каракалпакском языке. - "Вестник АН Каз ССР", серия общественная. Алма-Ата, 1957, №1.

12. Бекназарова Р.С. Консонантизм современного каракалпакского литературного языке. эксперименталь-фонетическое исследовании. Киев, 1972.

13. Баскаков Н.А . Каракалпакский язык. I. Материалы по диалектологии. М., 1951; Каракалпакский язык. II. Фонетика и морфология, часть первая (часть речи и слово образование), М., 1952.

14. Ubaydullaev K. Ha'zirgi zaman qaraqalpaq tili. Fonetika. No'kis, 1965.

15. Насыров Д.С. Становление каракалпакского общенародного разговорного языка и его диалектная система. Нукус-Казань, 1976.

fonetikasi’na arnadi’[16]. Wol dawi’sli’ ha’m dawi’ssi’z seslerdi arnawli’ tu’rde eksperemental usi’lda izertledi. “Qaraqalpaq tilinde singarmonizm qubi’li’si’ni’n’ izertleniw jag’dayi’ uluwma tu’rkiy tillerdegi izertlewlerden ha’m wolardag’i’ da’stu’rli pikirlerden asi’p ketpedi. Кerisinshe, singarmonizm ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi so’zlerde sho’lkemlestiriwshi birden-bir tiykarg’i’ fonetikali’q nizami’ boli’wi’na qaramastan bul haqqi’nda u’stirtin buri’nnan ha’mmege ma’lim bolg’an tu’sinikler g’ana ushi’rasadi’. Qaraqalpaq til bilimindegi bul kemshiliktin’ boli’wi’ wog’an teoriyali’q tiykar bolg’an tyurkologiya ilimindegi bul ma’selenin’ izertleniw jag’dayi’na tikkeley baylani’sli’.”[17] Akademik A.Da’wletov qaraqalpaq tilindegi bul fonetikali’q ni’zamdi’ arnawli’ tu’rde izertlep, wog’an wo’zinin’ bir miynetin arnaydi’.

Son’g’i’ waqi’tlari’ qaraqalpaq jazi’wshi’-shayi’rlari’ni’n’ tilin izertlewge bir qansha kewil bo’linbekte. Wolardi’n’ shi’g’armalari’ni’n’ fonetikali’q wo’zgesheliklerin izertlewge de bir qansha miynetler arnaldi’. Tilshi ali’m D.Saytov wo’zinin’ “XVIII-XIX a’sirlerdegi qaraqalpaq shayi’rlari’ shig’armalari’ni’n’ tili“ atli’ kitabi’nda[18] Jiyen ji’raw, Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaq shi’g’armalari’ tilinin’ fonetikali’q, morfologiyali’q, leksikali’q wo’zgesheliklerin izertledi. Al D.S.Nasirov, O.Dospanov, A.Bekbergenov, D.Saytov ta’repinen baspadan shig’ari’lg’an “Qaraqalpaq a’debiyati’ klassikleri shi’g’armalari’ni’n’ tili“[19] atli’ kitabi’nda Jiyen ji’raw, Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaq, Wo’tesh, Womar, A.Muwsaev shi’g’armalari’ni’n’ fonetikali’q, leksikali’q, semantikali’q ha’m morfologiyali’q wo’zgeshelikleri so’z etiledi. Bul yeki miynette de tilimizdin’ fonetikali’q wo’zgeshelikleri haqqi’nda pikirler bildirilgen.

---

16. Da’wletov A. Вокализм каракалпакского языка. Самарканд, 1976; Ha’zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika. No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 2005.
17. Da’wletov A. Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ seslik du’zilisi. No’kis, 1995, 47-48-betler.
18. Saytov D. XVIII-XIX a’sirdegi qaraqalpaq shayirlari’ shi’g’armalari’ni’n’ tili. No’kis, 1989.
19. Nasirov D., Dospanov O., Bekbergenov A., Saytov D. Qaraqalpaq a’debiyati’ klassikleri shig’armalari’ni’n’ tili. No’kis, “Bilim”, 1995.

Sh.Abdinazimovti'n' "Berdaq do'retpelerinin' fonetikasi'" atli' miynetinde Berdaq shi'g'armalari' tilinin' seslik sistemasi' ha'zirgi qaraqalpaq tili seslik sistemasi' menen sali'sti'ri'ldi'.[20]

M.Qudaybergenovti'n' "Qaraqalpaq tilinin' morfonologiyasi'" atli' miynetinde qaraqalpaq tilindegi tu'bir ha'm affiks morfemalardi'n' fonologiyali'q du'zilisi, tu'bir morfemalar quri'li'si'ndag'i' geminat dawi'ssi'zlar, wolardi'n' payda boli'w sebepleri, qabatlasqan dawi'ssi'zlar ha'm wolardag'i' nizamli'qlari' ashi'p berilgen.[21]

20. Abdinazimov Sh. Berdaq do'retpelerinin' fonetikasi'. No'kis, 1994.
21. Qudaybergenov M. Qaraqalpaq tilinin' morfonologiyasi'. No'kis, "Bilim", 2005.

# I BAP. Shawqi’mli’ dawi’ssi’zlardi’n’ jumsali’wi’

Dawi’ssi’z sesler, lingvistikali’q a’debiyatlarda konstonantizm degen atamada ataladi’. Dawi’ssi’z fonemalar jasali’w worni’na, jasali’w usi’li’na, dawi’s ha’m shawqi’mni’n’ qatnasi’na qaray bo’linedi. So’ylew ag’zalari’, soni’n’ ishinde ha’reketshen’ so’ylew ag’zalari’ seslerdin’ jasali’wi’nda tiykarg’i’ xi’zmetti atqarg’anli’qtan dawi’ssi’z sesler ha’reketshen’ so’ylew ag’zalari’ni’n’ ati’ menen ataladi’. Mi’sali’, yerinlik, til aldi’, til wortasi’, til arti’, dirildewik.

Jasali’w usi’li’ jag’i’nan dawi’ssi’zlar jabi’si’n’qi’, juwi’si’n’qi’, dirildewik boli’p bo’linse, dawi’s ha’m shawqi’mni’n’ qatnasi’ jag’i’nan shawqi’mli’lar ha’m sonorlar boli’p bo’linedi. U’nli ha’m u’nsiz seslerdin’ barli’g’i’ shawqi’mli’lar delinedi.

Tu’rkiy tillerde, soni’n’ ishinde qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’z fonemalar jasali’w worni, jasali’w usi’li’, dawi’s ha’m shawqi’mni’n’ qatnasi’ jag’i’nan qarama-qarsi qoyiladi. Solay yetip, fonemalardin’ tiykarg’i’ belgileri ju’zege shig’adi’. Ha’r bir fonemani’n’ basqalari’nan aji’rali’p turatug’i’n belgileri boladi’. Mi’sali’, b fonemasi’ni’n’ tiykarg’i’ fonologiyali’q belgileri: yerinlik, (qos erinlik), jabi’si’n’qi’, u’nli, awi’zli’q. Usi’nday tiykarg’i’ belgileri arqali’ qaraqalpaq tilinde basqa dawi’ssi’zlarg’a qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. Mi’sali’, [b] — u’nli bolsa, u’nsiz [p] g’a, [b] — yerinlik bolsa, til aldi’ [t] g’a, [b] — jabi’si’n’qi’ bolsa, juwi’si’n’qi’ [s] g’a, [b] — awi’zli’q bolsa, muri’nli’q [m] g’a qarama-qarsi’ qoyi’li’p, kvaziomonimlerdi payda yetip, ma’ni ayi’radi’.(b-p) saba — sapa, bul — pul; (b-t) bar — tar, ber — ter; (b-s) bay — say, baw — saw; (b-m) bay — may.

Fonemalardi’n’ usi’nday tiykarg’i’ ma’ni ayi’ri’wshi’ belgilerine iye boli’p, ma’ni ayi’ri’wshi’li’q xi’zmet atqaratug’i’nli’g’i’ yen’ da’slep ilimde L.V.Sherba ta’repinen ani’qlani’p, prof. L.R.Zinder ta’repinen rawajlandi’ri’lg’an. Wol wo’zinin’ “Obshaya fonetika“ miynetinde fonemalardi’n’ tiykarg’i’ belgilerine ken’nen toqtap, rus tili so’zleri mi’sali’nda da’liyllep ko’rsetken[22].

22. Зиндер Л.Р. Общая фонетика. Москва, 1979.

Dawi'ssi'z fonemalardi'n' bunday jubaylasi'p qarama-qarsi' qoyi'li'wi'nda fonemalardi'n' ma'ni ayi'ri'wshi'li'q xizmeti ani'q ko'rinedi. Belgili qazaq ilimpazi' Axanov bunday fonemalardi'n' arasi'ndag'i' ayi'rmashi'li'q bolatug'i'nli'g'i'n ko'rsetip, qazaq tilindegi ta'n—da'n, tas—daz, gil—bil so'zlerin qarama-qarsi' qoyi'p sali'sti'rg'anda, fonologiyali'q si'patqa iye boladi' ha'm tildin' fonetikali'q ta'repi menen ti'g'i'z baylani'sli' yekenligin ayti'p wo'tken [23].

U'nli [b] fonemasi' qaraqalpaq tilinin' so'zlik qurami'nda so'zdi'n' basi'nda ha'm wortasi'nda jumsala beredi, al qaraqalpaq tilinin' tu'pkilikli so'zlerinde so'zdin' aqi'ri'nda ushraspaydi'. Mi'sali', bala, bel, bos, bosli'q, boli'q, tabi's, tasbaqa, tabaq, isenbey ha'm.t.b.

Geypara tu'rkiy tillerde, wolardan bulgar topari'na kiretug'i'n ha'zirgi shuvash tilinde dawi'ssi'zlardi'n' ha'r biri juwanli'-jin'ishkeli boli'p kelip, fonetikali'q ma'ni tuwdi'ra aladi'. Bunday wo'zgeris qaraqalpaq tilinde bayqalmaydi'. Demek [b] fonemasi' dawi'sli'lardi'n' juwani' menen qosi'li'p juwan: boli'q, bos, bar, bol, bal t.b. jin'ishkesi menen qosi'li'p jin'ishke: bel, ber, bet, bil, bes t.b. boli'p, so'z ma'nisine tiygizetug'i'n ta'siri joq, bunday jag'dayda ma'nige dawi'sli' fonema g'ana differenciyaciya jasay aladi'.

Yeski tu'rkiy tillerde [b] sesi so'z basi'nda ayti'lmag'an. Al, usi' poziciyada woni'n' [b] sesi keletug'i'n wori'nlarda tek [p] sesi ayti'lg'an. Mi'sali', altay, xakas, shor tillerinde per, pasi'q, pa, pa's so'zleri [p] sesinen baslani'p ayti'lsa, al qaraqalpaq tilinde ber, boli'q, baha, boz boli'p [b] sesinen baslani'p ayti'ladi'.

Yeki dawi'sli'ni'n' wortasi'nda intervokal poziciyada kelgende dawi'ssi'z [b] sesinin' ayti'li'wi'nda geypara wo'zgeshelikler bar. Bunday jag'dayda [b] fonemasi' yerinlik-tislik yamasa qos yerinlik juwi'si'n'qi' ren'kinde ayti'ladi'. Mi'sali', tabaq, abadan, taba t.b. so'zlerindegi [b] fonemasi', taza [v] fonemasi' bolmag'an menen de, sol yekewinin' [b] menen [v] ni'n' arali'g'i'nan ayti'ladi'.

---

23. Аханов К. Тіл білімінің негіздері. Алма – ата, 1981.

Al, geybir tu'slik bati's tillerinde so'z basi'ndag'i' [b] sesi wornina [v] sesi qollani'lg'an. Mi'sali', tu'rk, azerbayjan tillerinde var ─ bar.

Orxon-Enesey jazba yesteliklerinin' tilinde so'z basi'ndag'i' [b] sesinin' [m] sesine sa'ykesligi seziledi: ben ─ men. Hazirgi tilimizdegi bunda ─ munda usag'an so'zler de sol sa'ykesliktin' izi bolsa kerek degen de pikirler bar.

A'yyemgi jazba yestelikler tilinde [b] fonemasi' so'zdin' absolyut son'i'nda da ayti'lg'an: sub, sab, seb ha'm.t.b. Bul poziciyadag'i' [b] ha'zirgi bizin' tilimizdegi so'zlerdin' birewinde tu'sip qalsa, basqa so'zlerde u'nsiz [w] ha'm [p] seslerine aynalg'an. Mi'sali', suw, sap, sep ha'm.t.b.

So'z basi'ndag'i' [b], [p] seslerinin' awi'si'wi' qazaq tilinde de ushrasadi: bolat ─ polat, bitiru ─ pitiru, bal ─ pal, beynet ─ peynet. Degen menen qaraqalpaq tilinde ko'p so'zler [b] sesinen baslang'an. Uluwma tu'rkiy tillerin alip qarasti'rg'anda shi'g'i'stag'i' xakas, shor tilleri menen bati'stag'i' shuvash tilinde so'z basi'nda ko'birek [p] sesin aytadi'.

S.E.Malovti'n' ko'z-qarasi' boyi'nsha joqari'dag'i' tiller ko'birek yeski da'wirdegi belgilerdi saqlap qalg'an. Basqa tillerdegi so'z basi'ndag'i' [p] sesin [b] sesinin' wornina almasti'ri'p ayti'w da, usi'ni'n' bir belgisi bolsa kerek[24].

A.M.Sherbak usi' pikirge su'yene woti'ri'p, tiykarg'i' tu'rkiy tillerde so'zdin' absolyut basi'ndag'i' ayti'lg'an u'nsiz [p] dawi'ssi'z fonemasi' tillerdin' keyingi rawajlani'wi'nda u'nli [b] fonemasina aynalg'an, dep atap ko'rsetedi. A.M.Sherbakti'n' pikirinshe xakas, shuvash, shor tillerinen basqa tu'rkiy tillerde p dawi'ssi'zi'nan baslang'an so'zler basqa tillerden awi'si'p kelgen dep qaraydi'[25]. Degen menen xakas, shor tillerinde so'z basi'ndag'i' [b] fonemasi'ni'n' usi' poziciyadag'i' [p] fonemasi' menen almasi'wi' Orxon-Enisey jazba yestelikleri tilinen keyin qa'liplesti degen pikir bar[26].

---

24. Малов.С.Е. Памятники древнотюркской письменности, М., Л., 1952, 5-8-с.
25. Щербак А.М. Сравнительная фонетика тюркских языков. Л., 1970.

26. Батманов И.А. Современная древняя Енисейка. М., 1962.

U'nli [d] fonemasi' so'zdin' basi'nda ha'm wortasi'nda jumsala beredi: dag'aza, duz, du'z, dala, a'debiyat, joldas, qurdas, sada ha'm.t.b. Al so'zdin' aqi'ri'nda qaraqalpaq tilinin' tu'pkilikli so'zlerinde ushraspaydi'. Jazi'wda bazi bir so'zdin' aqi'ri'nda (a'wlad, shad) [d] sesi kelgen menen de wol u'nsiz [t] sesine (a'wlat, shat) aylani'p yesitiledi. So'z aqi'ri'nda [d] fonemasi' jumsalmaydi'. Mi'sali': Xalqabad, Leningrad, abad usag'an so'zlerde [d] ha'ribi jazi'lg'an menen [t] sesine aylani'p ayti'ladi'.

Worta a'sirlik "Kitab terdjuma farsi u turke u mog'ali" miynetinde sol zamandag'i' tu'rkiy tillerdi "Bizin' jaqti'n' tu'rkleri" ha'm "tu'rkstanli'q" dep bo'lgen. Buni'n' sebebinin' biri kitap avtori'ni'n' bayanlawi'na qarag'anda so'z basi'nda u'nli, u'nsiz dawi'ssi'zlardi'n' qollani'li'w wo'zgesheliginen bolsa kerek[27]. Bunda "bizin' jaqti'n' tu'rkleri" tilinde, avtordi'n' ayti'wi'nsha so'z basinda [d] u'nli sesi qollani'lg'an, al "tu'rkstanli'q"lar tilinde usi' poziciyada [t] sesi qollani'lg'an: dish-tish, dil-til, dirik-tirik ha'm.t.b.

So'zdin' absolyut basi'ndag'i' u'nsiz dawissi'zlardi'n' u'nlesiw processi worta a'sirlerden-aq payda bolg'an qubi'li's. Bug'an da'lil Maxmud Qashqariy so'zliginde[28] de ushrasadi'. Qashqariy bati'sqa qaray wornalasqan qa'wim tillerinde u'nli dawi'ssi'zlardi'n' qollani'li'wi'n ko'rsetedi.

Joqari'dag'i' pikirlerdi ha'zirgi qaraqalpaq ha'm qazaq tili menen sali'sti'rg'anda da u'nsiz seslerdin' u'nli seslerge aynaliwi seziledi. Mi'sali', bay, baq, bali'q, bes, balta so'zleri xakas ha'm shor tillerinde u'nsiz [p] sesi menen ayti'ldi'.

So'z aqi'ri'nda u'nli fonemalardi'n' qollani'li'wi' da tu'rkiy tillerinde de birdey yemes. Altay, shor, xakas ha'm yakut tillerinde so'z aqi'ri'nda tek g'ana u'nsiz sesler ayti'ladi'. Al bir neshe tu'rkiy tillerde, soni'n' ishinde qaraqalpaq

---

27. Tomanov M. Qazaq tilinin' tarixiy grammatikasi'.Fonetika, Morfologiya, Alma-ata,1981,18-bet.

28. Qashqariy M. Devanu lug'at at-turk. Tashkent, 1963.

tilinde de, u’nli fonemalardan go’re u’nsiz fonemalar ko’birek qollani’ladi’. Geybir tillerde u’nli ya u’nsiz fonemalardi’n’ so’zdin’ basi’nda ya son’i’nda keliwi so’z ma’nisin wo’zgertpeydi. Mi’sali’, tu’rkmenshe: gaz, g’az; qaraqalpaqsha g’az, qaz.

[G] ─ ren’ki so’zdin’ basi’nda ha’m wortasi’nda jumsala beredi. Mi’sali’, gu’rrin’, ga’p, gu’ze, gilem, la’gen, bu’gin, yegis, yegiz, wo’giz ha’m.t.b. Al qaraqalpaq tilinin’ tu’pkilikli so’zlerinde so’z aqi’ri’nda ushraspaydi’. Rus tili arqali’ kirgen pedagog, biolog, geolog ha’m.t.b. usag’an so’zlerdin’ aqi’ri’nda [g] fonemasi’ jazi’lg’an menen de [k] boli’p ayti’ladi’. Joqari’dag’i’ mi’salda ko’rgenimizdey-aq [g] u’nli dawi’ssi’zi’ tu’pkilikli so’zlerde mudami’ jin’ishke dawi’sli’lar menen bizge bir buwi’nda qatar keledi. Rus tili arqali’ qaraqalpaq tiline kirgen geypara so’zlerde [g] fonemasi’ juwan dawi’sli’lar menen qatara keledi: gaz, gazeta, pedagog ha’m.t.b. So’zdin’ aqi’ri’ u’nsiz [k] fonemasi’na tamamlani’p wog’an dawi’sli’dan baslang’an qosi’mta qosi’lsa, [k] sesi [g] sesine aylanadi’: ju’rek ─ ju’regi, yerik ─ yerigi, terek ─ teregi.

[G’] ren’ki qaraqalpaq tilinde so’zdin’ basi’nda siyreklew, al so’zdin’ wortasi’nda ko’birek ushrasadi’.Mi’sali’, g’az, g’umsha, g’ayrat, jag’i’s, nag’i’s, tog’ay, balg’a, jag’a, ag’a h.t.b. Al qaraqalpaq tilinin’ tu’pkilikli so’zlerinde so’zdin’ aqi’ri’nda ushraspaydi’. Ko’binese [g’] fonemasi’ juwan buwi’nlarda jumsaladi’. Soni’n’ ushi’n geybir si’rttan kirgen so’zlerde (g’a’lle, g’a’ziyne, g’a’zzel) jin’ishke [a’] sesi menen dizbeklesip keledi.

Yeski tu’rkiy tillerinde so’zlerdin’ basi’nda [g/g’] sesleri jumsalmag’an. Biraq so’z aqi’ri’nda jiyi ayti’lg’an: andag’, teg. Qaraqalpaq tili ha’m qazaq tilinde so’zdin’ basi’nda ushrasatug’i’n [g/g’] fonemasi’ joqari’dag’i’ mi’salg’a sali’sti’rg’anda yelewli ayi’rmashi’li’qqa iye. Bizin’ tilimizde absolyut so’z basi’nda [g] ha’m [g’] sesleri ko’plep ushrasadi’. Mi’sali’, gu’l, g’almag’al, gilem ha’m.t.b. Negizinde bul seslerden baslang’an so’zler arab-parsi’ tillerden awi’sqan so’zler boli’wi’ kerek.

So'z wortasi'nda kelgen [g/g'] sesi de awi'si'w zan'li'li'g'i'ni'n' na'tiyjesi. Al, yeski tu'rkiy tillerde bul sesler so'z wortasi'nda ha'm so'z so'n'i'nda da kelgen. Mi'sali', qag'un, sarig', qayg'uq, tag', tayqli'q, buzag'u, ag'uz, beg, belguluk so'zleri bizin' tilimizde qawi'n, sari', qayi'q, qiy, qori'q, tay, tayaqti, buzaw, awi'z, bek, belgili ha'm.t.b. tu'rinde keledi. Yeski tu'rkiy tilindegi sol so'zler bizin' tilimizde sol qa'lpinde saqlang'an. Tek bir g'ana wo'zgeriske ushrag'an, wol da bolsa [g/g'] sesine baylani'sli'.

S.E.Malovti'n' tu'rkiy tillerinin' yeski jan'ali'g'i'n ayi'ri'wdi'n' bir kriteriya retinde [g/g'] sesinin' tu'rli wori'nlarda saqlani'wi' ya saqlanbawi'n usi'ni'wi' da ha'zirgi tillerde bulardi'n' ko'rinisinin' ha'r tu'rli boli'wi'n yeske ali'wdan bolsa kerek[29].

So'z wortasi'nda ayti'lg'an [g'] ren'kin yeski tu'rkiy tillerinde jumsali'wi'n sali'sti'ri'p ko'rgenimizde, ha'zirgi da'wirde [w] fonemasi'na aylang'ani'n ko'remiz. Mi'sali': ag'i'r, ag'i'z, bag'i'r, ag'na. Al, bul so'zler qaraqalpaq tilinde awi'r, awi'z, bawi'r, awna tu'rinde ko'rinedi. Geybir faktlerge qarag'anda [g'] sesinin' [y] sesine aylani'wi'n da ko'riwge boladi': bag'la-bayla, yigiril-ji'yi'ri'l, yi'g'i'l-ji'yi'l. So'z wortasi'nda yeski tu'rkiy tillerde [g'] ren'ki usi'nday iz qaldi'rg'an dep qarasaq ta, woni'n' u'shinshi bir ko'rinisi bar yekenligin de ko'riwge boladi'. Ayi'ri'm so'zlerdin' quri'li'si'nda [g'] sesinin' tu'sip qali'w jag'dayi' ushrasadi': bug'ra-bura. Yeski tu'rkiy tillerinde so'z son'i'nda ayti'lg'an [g'] bizin' tilimizde ha'r tu'rli boli'p ko'rinedi.

a) Buwi'n qurami'nda dawi'ssi'z [w] sesine aylandi': bag'-baw, sag'-saw, tag'-taw, yag'-jaw, yadag'-jayaw. Al, geybir so'zlerdegi [g'] u'nli sesi [y] sesine aylani'w processin de ko'riwge boladi': yi'g'-jiy, bag'la-bayla. Degen menen bunday wori'ndag'i' [g'] sesinin' [y] sesine aylani'wi' siyrek boladi'.

---

29. Tomanov M. Qazaq tilinin' tarixi'y grammatikasi'. Fonetika. Morfologiya, Alma-ata, 1981, 18-bet

b) Bir qatar so’zlerde saqlani’p bizin’ tilimizde de basqa qi’pshaq tillerinde bolg’an processlerge i’n’g’aylasi’p [q] sesine aylang’an: taq, baq, saq. Soni’n’ menen birge so’zdin’ absolyut son’i’ndag’i’ [g] sesi, so’zdin’ absolyut ma’nisindegi [g] yemes, yeski tu’rkiy tillerdegi [g’] sesinin’ varianti’ boli’p tabi’ladi’: yag’-yaq-jaq, yog’-yoq-joq, bag’-baq[30]. Soni’n’ menen qatar so’z son’i’nda keletug’i’n [g’] sesinin’ tu’sip qali’w jag’dayi’ da gezlesedi: sari’g’ — sari’, kishig — kishi.

Yeski tu’rkiy tillerde [g] ren’ki de usi’g’an usag’an bir neshe wo’zgerislerge ushrag’an. So’z wortasi’nda keletug’i’n [g] ren’ki bir neshe mi’sallarda [y] sesine awi’sqani’n’ ko’riwge boladi’: igin — iyin, igne — iyne, o’grin — u’yren.

Bulardi’ wo’z ara sali’sti’rg’anda yeski tu’rkiy tillerdegi [g] ren’kinin’ ha’zirgi tilimizde sa’ykesligi de ko’rinedi. Soni’n’ menen qatar yeski tu’rkiy tillerdegi [g] ren’ki bir qatar ha’zirgi tu’rkiy tillerde saqlang’an faktlerde bar. Mi’sali’, iygit — jigit, o’git — u’git, ko’ga’r — ko’ger ha’m.t.b. Soni’n’ menen birge ko’p so’zlerde [g] sesi eliziyag’a ushrag’anli’g’i’n ko’riwimizge boladi’: ka’rgek — kerek.

U’nli [z] fonemasi’ tu’rli wori’nlari’nda jumsala beredi. A’sirese so’zdin’ wortasi’nda ha’m son’i’nda kele beredi. Mi’sali’, zi’yan, zat, zag’ara, zuwala, sazan, qazan, qizil, gezek, gu’ze, juzik, ju’z, qi’z, qoz, taz, bo’z, jaz, gu’z, az, saz ha’m.t.b. [Z] fonemasi’ juwan dawi’sli’ menen de (zat, zorli’q) jin’ishke dawi’sli’ menen de (gezek, ju’zik) yerinlik dawi’sli’lar menen de (ju’rek, uzi’n, o’giz) qatar jumsala beredi.

[J] u’nli fonemasi’ so’zdin’ barli’q wori’nlari’nda qollani’la beredi. Solay da so’zdin’ aqi’ri’ndag’i’g’a qarag’anda basi’nda ko’birek jumsaladi’. So’zdin’ wortasi’nda wonnan da azlaw jumsaladi’. Mi’sali’, jurt, jol, jil, jigit, jumi’s, ju’r, juwi’r, marjan, a’jel, bi’j-shi’j, g’aja-g’aj. Mi’sallardan ko’rinip turg’ani’nday

30. Tomanov M. Qazaq tilinin’ tarixiy grammatikasi’. Alma-ata,1981, 23-bet.

qaraqalpaq tilinin’ tu’pkilikli so’zlerinin’ aqi’ri’nda [j] fonemasi’ ju’da’ siyrek gezlesedi. [J] fonemasi’ qaraqalpaq tilindegi barli’q dawi’sli’ fonemalar menen birge jumsala beredi: jas, ja’miyet, jigit, jorta, ja’ne, ju’r ha’m.t.b. Ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi [j] fonemasi’ tu’rkiy tillerdin’ bir qatari’nda so’zdin’ basi’nda ayti’latug’i’n [y] fonemasi’ni’n’ ko’rinisi. Degen menen [j] fonemasi’ni’n’ yeski tu’rkiy tillerde yamasa wonnan yertede qollani’lg’anli’g’i’ yamasa qollani’lmag’anli’g’i’ haqqi’ndag’i’ ma’sele yelege deyin sheshilmey kiyati’r. Ilimpazlar bul sorawg’a ha’r tu’rli juwap berip kelmekte. Bir qansha izertlewshiler yeski da’wirde tu’rkiy tilinde [j] fonemasi’ bolmag’an dep yesaplaydi’[31]. Bul pikirdin’ ta’repdarlari’ so’z basi’ndag’i’ [y] sesinin’ wo’zgerisin bilay tu’sindiredi: [y]-[dj]-[j]. Yeger bul pikirdi duri’s dep qarasaq, ha’zirgi tu’rkiy tillerde so’zdin’ basi’nda ayti’latug’i’n [j] fonemasi’ [dj] affrikati’ arqali’ [y] sesinen jasalg’an dep qarawi’mi’z kerek. Bul pikirdi duri’s dep qaramawg’a yeki tu’rli sebep bar. Yeski uyg’i’r tili yesteliklerinde taza [j] sesi de, affrikat [dj] da bolg’an. Sog’an qaray S.E.Malov [j], [dj] sesleri [y] sesine qarag’anda yeski boli’wi’ kerek degen pikir aytadi’[32]. Tiykarg’i’ tu’rkiy tillerde so’zlerdin’ basi’nda qaraqalpaq tilinde [j], tuva, xakas, shor tillerinde [sh] sesine, shuvash tilinde [s] sesine, basqa tillerde [y] sesine aynalg’ani’n da ko’riwge boladi’.

| | |
|---|---|
| Mi’sali’: qaraqalpaqsha | -jaz; |
| tuva | -shas; |
| shuvash | -sur; |
| yakut | -sas. |

Degen menen de usi’ [j] – [dj] – [y] – [sh] – [s] sa’ykesligi, yamasa kerisinshe [y] – [j] – [dj] – [sh] – [s]. Al bul ko’rinisler geybir til topari’nda saqlang’ani’n da ko’riwge boladi’. Tatar tilinde yaz, jaz, soni’n’ menen birge djip,

---

31. Богородицкий В.А. Введение в татарское языкознание. Казан, 1955.

32. Малов С.Е. Памятники древно-тюркской письменности. М-Л., 1952, 5-8-с.

jip. Solay yetip, bul tilde ha’mmesi de qatar ayti’ladi’ yeken. Tap usi’nday qubi’li’s, yag’niy [y], [j], [dj] qollani’wi’ mongol tilinde de bar yeken.

Sonli’qtan, V A Bogorodickiy joqari’dag’i’ shuvash tilindegi [s] sesine tiykar bolg’an affrikat [dj] dep qaraydi’. Qazaq tilinde govorli’q wo’zgesheliklerge qaray [d] — [j] sa’ykesligi seziledi. Mi’sali’, dalon’ — jolan’, du’zu’ — ju’zu’, domalaw — jomalaw. Geybir govorli’q wo’zgesheliklerge qarag’anda [j] sesinin’ wornina [y] sesi ayti’ladi’: sojer-so’yer.

[K/Q] u’nsiz fonemasi’ni’n’ [k] ren’ki so’zdin’ barli’q poziciyalari’nda ushrasadi’. So’zdin’ basi’nda: ku’shli, keshe, ku’ndiz, so’zdin’ wortasi’nda: hu’kim, yeki, so’z aqi’ri’nda: elek, kerek, bo’lek, ju’zik ha’m.t.b.

Yeski tu’rkiy jazba yestelikleri tilinde [k] sesi so’zdin’ barli’q poziciyasi’nda jiyi ushrasadi’: turk, kelin, ku’mu’sh, o’ku’z, ku’shu’g berer — ku’shin berer. Qashg’ariydin’ so’zliginde de bul fonema anlaut, inlaut ha’m auslaut poziciyalarda jumsalg’an: ekin, eruk, yiken, etu’k, emgan — miynet.

[Q] ren’ki qaraqalpaq tilinde so’zdin’ barli’q poziciyalari’nda jumsaladi’. So’zdin’ basi’nda jumsali’wi’na mi’sallar: qoyan, qaraqalpaq, qanat, so’zdin’ wortasi’nda jumsali’wi’na mi’sallar: yes-aqi’l, jaqsi’, taqat, mashqala, so’zdin’ aqi’ri’nda to’mendegi mi’sallarda jumsalg’an: xali’q, qurg’aq.

Orxon-Enisey yestelikleri ha’m Qashg’ariydin’ miynetinde de [q] sesi barli’q poziciyalarda wo’nimli jumsalg’ani’n ko’remiz: qul, qudruq — quyri’q, qi’z, azuq, qag’un, ayaq — i’di’s, taquq, qapug’, yudruq — judi’ri’q, qulaq, quduq — qudi’q.

[P] dawi’ssi’z fonemasi’ so’z wortasi’nda ha’m aqi’ri’nda jiyi qollani’ladi’. Bul fonema tu’pkilikli tu’rkiy so’zlerde anlaut poziciyada siyrek ushrasadi’, ko’pshilik jag’daylarda basqa tillerden kirgen so’zlerde qollani’ladi’. Prof. N A Baskakov qaraqalpaq tilinde [p] fonemasi’ so’z basi’nda siyrek qollanadi’ dep atap ko’rsetedi[33]. Ilimpaz K.Ubaydullaev ta usi’ pikirdi qollap-quwatlaydi’[34].

---

33. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. –М., 1952.Т.2.-С.62.
34. Убайдуллаев К. Ҳəзирги заман қарақалпақ тили. Фонетика. – Нөкис, Қарақалпақстан, 1964,-Б.38.

Yeski tu’rkiy jazba yesteliklerinde anlaut poziciyada tek bir so’zde “Purum-Shi’g’i’s Rim, Rum” toponiminde [p] fonemasi’ qollani’lg’ani’n ko’remiz1. Basqa jag’daylarda tu’pkilikli tu’rkiy so’zlerde so’z basi’nda [p] u’nsiz dawi’ssi’z fonemasi’ ushraspaydi’, al inlaut ha’m auslaut poziciyalarda jiyi ushrasadi’: ali’p-ali’p, bolup-boli’p, esidip-esitip, qapi’g’-qapi’ ha’m.t.b. Qashg’ariydin’ so’zliginde de [p] fonemasi’ so’z wortasi’nda ha’m aqi’ri’nda jiyi ushrasadi’, al so’z basi’nda tu’pkilikli tu’rkiy so’zlerinde siyrek qollani’lg’ani’n ko’riw mu’mkin: qapug’, kerpich kebi-gerbish qa’libi, pichek-pi’shaq, tepe-to’be ha’m.t.b. B.A.Serebrennikov tu’rkiy tillerindegi [p], [t], [k] u’nsiz dawi’ssi’z fonemalari’ni’n’ intervokal poziciyada u’nli dawi’ssi’z sesler [b], [d], [g] seslerine wo’zgeretug’i’ni’n atap ko’rsetedi. Bul qubi’li’s altay, ugro-fin tilleri ushi’n da xarakterli degen pikirdi bildiredi.

[S] fonemasi’ ha’zirgi qaraqalpaq tilinde so’zdin’ barli’q poziciyasi’nda jumsaladi’. So’zdin’ basi’nda: sahra, sel, semiz, so’zdin’ wortasi’nda: kisi, asqabaq, qon’si’, so’z aqi’ri’nda: qoni’s, joldas, as ha’m.t.b. so’zlerde jumsalg’an.

Orxon-Enisey yesteliklerinde [s] fonemasi’ so’zdin’ barli’q poziciyalari’nda jumsalg’ani’n ko’remiz: sab — so’z, su’ — a’sker, sach — shash, sub — suw. Qashg’ariydin’ miynetinde de [s] fonemasi’ so’zdin’ barli’q poziciyalari’nda jumsalg’an: sun’qar, sag’ — won’, sag’i’zxan — sawisqan, yazsun — jaysi’n ha’m.t.b.

[T] fonemasi’ so’zdin’ barli’q poziciyasi’nda jumsaladi’. So’zdin’ basi’nda: ti’yi’n, tasbaqa, ton, so’zdin’ wortasi’nda: patsha, mektep, so’zdin’ aqi’ri’nda: to’rt, ma’rt, murat ha’m.t.b. so’zlerde jumsalg’ani’n ko’remiz.

Bul fonema yeski tu’rkiy jazba yesteliklerinde de so’zdin’ barli’q poziciyasi’nda jumsalg’an: tu’rk, turunaya — ti’rna, tu’men — won mi’n’, altun — alti’n ha’m.t.b. Qashg’ariydin’ miynetinde de [t] u’nsiz dawi’ssi’z fonemasi’ so’zdin’ basi’nda, wortasi’nda ha’m aqi’ri’nda jiyi qollani’lg’an: butaq — putaq, tari’g’ — yegin, yet — go’sh, yut — jut ha’m.t.b.

Ha'zirgi tu'rkiy tillerinde de [t] fonemasi' so'zdin' barli'q poziciyasi'nda qollani'ladi'[35].

[Sh] fonemasi' so'zdin' barli'q poziciyasi'nda qollani'ladi'. So'z basi'nda: shoshqa, shana, sho'kkish, so'zdin' wortasi'nda: keshe, ku'shik, yaqshi', so'z aqi'ri'nda: kesh, ku'sh, xosh ha'm.t.b. so'zlerde jumsalg'an.

Yeski tu'rkiy jazba yesteliklerinde ha'm Qashg'ariydin' so'zliginde de, klassik shayi'rlar shi'g'armalari'nda da [sh] fonemasi' so'zdin' barli'q poziciyasi'nda jiyi qollani'lg'ani'n ko'riwge boladi': tash — tas, qush — qus, ku'mu'sh — gu'mis, so'n'u'shti — sog'i'sti', uri'sti', yarash — jaras, shayan, eshak — yeshek, ash — as, shu'yit, yaqshi'lar, yash, besh, yoldash ha'm.t.b. mi'sallardi' keltiriwge boladi'.

[F] fonemasi' tu'rkiy tillerine, soni'n' ishinde, qaraqalpaq tiline de basqa tillerden so'zlerdi wo'zlestiriw na'tiyjesinde kelip kirgen fonema boli'p tabi'ladi'[36]. Qaraqalpaq tiline bul fonema parsi' a'debiy tilinen Worta Aziyali'q tu'rkiy a'debiy tili arqali' kelip kirgeni ma'lim. Ha'zirgi waqi'tta bul fonema qaraqalpaq tilinde wo'zlestirilgen so'zlerdin' qurami'nda ushrasadi'.

Yeski tu'rkiy jazba yesteliklerinin' tilinde ha'm Qashg'ariydin' miynetinde bul fonema jumsalmag'an.

[H] fonemasi' ha'zirgi qaraqalpaq tilinde so'z basi' ha'm wortasi'nda jumsaladi', so'z aqi'ri'nda bolsa ayi'ri'm tan'laq so'zlerdin' quri'li'si'nda g'ana ushrasadi'. So'z basi'nda: ha'kke, ha'm, haywan, so'z wortasi'nda: aydarha, baha, so'z aqi'ri'nda: ah, uwh, shah ha'm.t.b. so'zlerde jumsalg'an.

Yeski tu'rkiy jazba yesteliklerinde [h] u'nsiz dawi'ssi'z sesi ushraspaydi'. Qashg'ariydin' so'zliginde bul fonema siyrek bolsa da qollani'lg'ani'n ko'remiz. Qashg'ariydin' wo'zi bul ses tu'rkiy qa'wimleri tilinde ju'da' az jumsalatug'i'ni'n ko'rsete kelip "hana"-ana, "hata"-ata so'zlerinde qollani'latug'i'ni'n jazg'an ha'm

35. Сравнительно-историческая грамматика тюркских языков. Фонетика. –М. 1984. –С. 208-221.
36. Щербак А.М. Сравнительная фонетика тюркских языков. –Л., Наука, 1970. –С. 98.

bul tek kenjek, xotan qa'wimlerinin' tilinde bar, basqa qa'wimlerde ushraspaydi' dep atap ko'rsetedi[37].

Qaraqalpaq tilinde [h] sesinin' fonema si'pati'nda qa'liplesiwi tuwrali' ayta kelip prof. N.A.Baskakov [h] dawi'ssi'z sesinin' fonemali'q ma'ni wo'zgesheligi arab ha'm parsi' tillerinen so'zlerdi wo'zlestiriw na'tiyjesinde payda boldi'. Ha'zirgi waqi'tta tu'pkilikli so'zlerde tiykari'nan tan'laq so'zlerde qollani'ladi',- dep atap ko'rsetedi[38].

Tu'rkiy tillerinin' seslik quri'li'si'n izertlewshi ilimpazlar arasi'nda bul fonemani'n' payda boli'wi' tuwrali', ma'selen, M Ryasyanen tiykar tildegi /prayazik/ [n] sesinin' [h] sesine qaray rawajlani'w boldi' degen pikirdi aytsa, N.K.Dmitriev, M.Sh.Shiralievler kavkaz substrati'ni'n' ta'sirinde kelip kirgen boli'wi' tiyis degen boljawdi' bildiredi[39].

[X] fonemasi' arab-parsi' tillerinen wo'zlestirilgen bir qansha so'zlerdin' quri'li'si'nda jumsaladi'. So'zdin' basi'nda: xat, xali'q, so'z wortasi'nda: taxt, nusxa so'zlerinde jumsaladi'. Ha'zirgi waqi'tta [x] fonemasi' auslaut poziciyada ushraspaydi'.

Orxon-Enisey jazba yesteliklerinde [x] fonemasi' qollanbag'an. Prof. A.M.Sherbak [x] fonemasi' tu'rkiy tillerinde worta tu'rk da'wirine kelgende jazba yesteliklerin' tilinde qollani'latug'i'ni'n ko'riwge boladi' dep jazadi'[40].

Qashg'ariydin' so'zliginde bul fonema jumsalg'an: xan, xanda — qa'yerde, xizim — qi'zi'm. Qashg'ariy bul ses og'uz ha'm qipshaq dialektleri ushi'n ta'n ses yekenligin atap ko'rsetedi[41].

---

37. Qashg'ariy M. Devanu-lug'at-it turk. –T., 1960.T.1. –B.32.
38. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. –М., 1952,Т.2. –С.70.
39. Щербак А.М. Сравнительная фонетика тюркских языков. –Л., Наука, 1970. –С.182.
40. Щербак А.М. Сравнительная фонетика тюркских языков. –Л., Наука, 1970. –С. 98
41. Qashg'ariy M. Devanu-lug'at-it turk. –T., 1960, T.1. –B.238.

## 1.1. U’nli dawi’ssi’zlardi’n’ jumsali’wi’

Qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’zlardi’n’ tiykarg’i’ belgileri basqa dawi’ssi’zlar si’yaqli’ u’nlilerge de ta’n.

Dawi’ssi’zlar shawqi’m ha’m dawi’sti’n’ qatnasi’na qaray shawqi’mli’lar ha’m sonorlar boli’p bo’linetug’i’n bolsa, shawqi’mli’lar wo’z ishinde u’nli ha’m u’nsiz boli’p bo’linedi. U’nli dawi’ssi’z fonemalarg’a [b], [d], [z], [j], [v], [g’/g] dawi’ssi’zlari’ kiredi. U’nlilerdi aytqanda dawi’s shi’mi’ldi’g’i’ ha’reketke kelip, dawi’s payda yetiledi.

Tilshi, ilimpaz K Ubaydullaev miynetinde u’n menen azlap shawqi’mni’n’ qatnasi’nan payda bolg’an u’ni basi’mi’raq dawi’ssi’zlardi’ u’nli dawi’ssi’zlar dep ko’rsetip, wolarg’a: [m], [n], [n’], [r], [l], [y], [w] seslerin kirgizgen[42]. Bul fonemalar bolsa A.Da’wletov miynetlerinde sonorlar dep ko’rsetilgen. U’nliler u’nsiz dawi’ssi’zlar menen jubaylasi’p kelip, qarama-qarsi’ qoyi’ladi’[43].

U’nli ha’m u’nsiz dawi’ssi’z fonemalar barlig’i’ shawqi’mli’lar delinedi. U’nli dawi’ssi’zlardi’n’ ma’ni ayi’ri’wshi’li’q xi’zmetine, tiykarg’i’ fonologiyali’q belgilerine toqtap wo’temiz.

**Qos yerinlik [b] fonemasi’**. [B] ─ u’nli, qos yerinlik, jabi’si’n’qi’, awi’zli’q belgileri, wonin’ tiykarg’i’, fonologiyali’q belgileri boladi’. Usi’ belgi’leri boyi’nsha basqalarg’a qarama-qarsi’ qoyiladi’. [B] ─ u’nli bolsa, u’nsiz [p] g’a, [b] ─ yerinlik bolsa, til aldi’ [t] g’a, [b] ─ jabi’si’n’qi’ bolsa, juwi’si’n’qi’ [s] g’a, [b] ─ awi’zli’q bolsa, muri’nli’q [m] fonemalari’na qarama-qarsi’ qoyi’ladi’.

[B] ─ [p] fonemalari’ u’nli-u’nsizligi menen aji’rali’p turadi’. Al qalg’an belgileri birdey: yekewi de yerinlik, jabi’si’n’qi’, awi’zli’q. Bul fonemalar so’zdin’ ha’r qi’yli’ poziciyadalari’nda wori’n almasi’p kelip, kvaziomonimlerdi payda yetip, ma’ni ayi’ri’wshi’li’q xi’zmet atqaradi’. So’zdin’ basi’nda: bar ─ par, bil ─

42. Ubaydullaev K. Qaraqalpaq tili boyinsha tan’lamali’ miynetler. No’kis, 1976.

43. Da’wletov A. Ha’zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika. No’kis, 1999.

pil, bul ─ pul; so'zdin' wortasi'nda: jaba ─ japa, qabi' ─ qapi'; so'zdin' aqi'ri'nda b sesi qaraqalpaq tilinin' tu'pkilikli so'zlerinde qollani'lmaydi'. U'nsiz [p] g'a aylani'p ayti'ladi'. Mi'sali', arab ─ arap, klub ─ klup ha'm.t.b. Bunday jag'dayda ma'ni ayi'ri'wshi'li'q xi'zmet atqarmaydi'.

[B] ─ [t] fonemalari' bir-birinen yeki belgisi arqali' aji'raladi'. [B] ─ yerinlik, u'nli bolsa, [t] ─ til aldi', u'nsiz. Sonli'qtan, yeki oppoziciyali' fonemalar delinedi. Al, qalg'an belgileri birdey: yekewi de jabi'si'n'qi', awi'zli'q fonemalar. So'zlerde wori'n almasi'p kelip kvaziomonimlerdi payda yetedi. So'zdin' basi'nda: bal ─ tal, bar ─ tar, bez ─ tez; so'zdin' wortasinda: shabaq ─ shataq, joba ─ jota. So'zdin' aqi'ri'nda jumsalmaydi'.

[B] ─ [s] fonemalari' bir-birinen to'mendegidey belgileri boyi'nsha aji'rali'p turadi': [b] ─ yerinlik, [s] ─ til aldi', [b] ─ u'nli, [s] ─ u'nsiz, [b] ─ jabi'si'n'qi', [s] ─ juwi'si'n'qi'. So'zdin' basi'nda: bay ─ say, bayla ─ sayla, bali'q ─ sali'q, so'zdin' wortasi'nda: taba ─ tasa, jaba ─ jasa, qabi'q ─ qasi'q.

[B] ─ [m] fonemalari' da bir-birinen tiykarg'i' belgileri arqali aji'rali'p turadi': [b] ─ u'nli, [m] ─ sonor, [b] ─ yerinlik, [m] ─ til aldi, [b] ─ awi'zli'q, [m] ─ muri'nli'q. Al usas belgileri yekewi de jabi'si'n'qi'. So'zdin' basi'nda: bas ─ mas, bay ─ may; so'zdin' wortasi'nda: tabaq ─ tamaq ha'm.t.b.

**Yerinlik-tislik [v] fonemasi'**. [V] ─ fonemasi' u'nli, yerinlik-tislik, juwi'si'n'qi' belgilerin wo'z boyi'nda ja'mlegen. Usi' belgileri [v] fonemasi'ni'n' tiykarg'i' belgileri boladi'. Wol to'mendegidey dawi'ssi'zlarg'a qarama-qarsi' qoyi'ladi'.

[V] fonemasi' [f] ha'm [j] fonemalari'na:

[V] ─ [f] fonemalari' u'nli-u'nsizligi menen bir-birinen aji'rali'p turadi. Mi'sali', vagon ─ fagon.

[V] ─ [j] fonemalari bir belgisi menen aji'rali'p turadi': [v] ─ yerinlik-tislik bolsa, [j] ─ til aldi'. Mi'sali', vaza ─ jaza ha'm.t.b.

**U’nli [d] fonemasi’**. Til aldi’ [d] u’nli fonemasi’ni’n’ tiykarg’i’ fonologiyali’q belgileri: til aldi’, jabi’si’n’qi’, u’nli awi’zli’q. Usi’ belgileri arqali basqa dawi’ssi’zlardan aji’rali’p turadi’.

[D] — [t] fonemalari’ [d] — u’nli, [t] — u’nsiz, al qalg’an belgileri birdey: yekewi de awi’zli’q, jabi’si’n’qi’. So’zdin’ basi’nda: dar — tar, da’n — ta’n; so’zdin’ wortasi’nda: aldi’— alti’ ha’m.t.b. So’zdin’ aqi’ri’nda: a’wlad — awlat, Xalqabad — Xalqabat boli’p u’nli [d], so’ylewde u’nsiz ge aylani’p ketip, ma’ni ayi’ri’wshi’li’q xi’zmet atqarmaydi’.

[D] — [n] fonemalari’: [d] — u’nli, awi’zli’q bolsa, [n] — sonor, muri’nliq. Wolardi’n’ usas belgileri: yekewi de jabi’si’n’qi’, yekewi de til aldi’. So’zdin’ basi’nda: dar — nar, da’l — na’l, so’zdin’ wortasi’nda: ayda — ayna, ada — ana ha’m.t.b. Al, so’zdin’ aqi’ri’nda bul fonemalardi’n’ ma’ni ayi’ri’p jumsali’wi’ qa’liplespeydi.

[D] — [m] fonemalari’ bir-birinen u’sh belgisi boyi’nsha aji’raladi’. [D] — u’nli, til aldi’, awi’zli’q bolsa, [m] — sonor, yerinlik, muri’nli’q. Al qalg’an belgisi birdey: yekewi de jabi’si’n’qi’ fonemalar. So’zdin’ basi’nda: duz — muz; so’zdin’ wortasi’nda: qada — qama ha’m.t.b.

[D] — [j] fonemalari’ bir-birinen jabi’si’n’qi’, juwi’si’n’qi’ belgileri boyi’nsha aji’rali’p tur. Al qalg’an belgileri jag’i’nan yekewi de til aldi’, awi’zli’q. So’zdin’ basi’nda: du’r — ju’r, da’ne — ja’ne, daq — jaq; so’zdin’ wortasi’nda: a’dep — a’jep.

**Til aldi’ [z] u’nli fonemasi’.** Qaraqalpaq tilinde [z] sesi wo’zinin’ tiykarg’i’, fonologiyali’q belgilerine iye: [Z] — til aldi’, u’nli, juwi’si’n’qi’, awi’zli’q. Mi’naday dawi’ssi’zlarg’a qarama-qarsi’ qoyi’ladi’.

[Z] — [s] fonemalari’ tek bir belgisi boyi’nsha aji’raladi’. [Z] — u’nli, [s] — u’nsiz qalg’an belgileri birdey: yekewi de til aldi’, juwi’si’n’qi’, awi’zli’q fonemalar. So’zdin’ basi’nda: zal — sal, zor — sor; so’zdin’ wortasi’nda: aza — asa, taza — tasa, qazi’q — qasi’q; aqi’ri’nda: ari’z — ari’s, taz — tas, az — as.

[Z] — [p] fonemalari' u'sh belgisi boyi'nsha aji'rali'p turadi'. [Z] — til aldi', u'nli, juwi'si'n'qi', [p] — yerinlik, u'nsiz, jabi'si'n'qi'. Al qalg'an belgisi birdey: yekewi de awi'zli'q. So'zdin' basi'nda ma'ni ayi'ri'w xi'zmetin to'mendegi mi'sallarda ko'remiz: zal — pal, zor — por, zil — pil; so'zdin' wortasi'nda: taz — tap, toz — top, jaz — jap ha'm.t.b.

[Z] — [n'] fonemalari' bir-birinen to'rt belgisi boyi'nsha aji'rali'p turadi'. Soni'n' ushi'n da ko'p oppaziciyali' fonemalar delinedi. [Z] — til aldi, u'nli, awi'zli'q, juwi'si'n'qi' bolsa, [n'] — kishkene tillik, sonor, muri'nli'q, jabi'si'n'qi' belgilerine iye boli'p, usi' tiykarg'i' belgileri arqali' ma'ni ayi'ri'p keledi. [N'] fonemasi' qaraqalpaq tilinde so'zdin' basi'nda jumsalmaydi'. So'zdin' aqi'ri'nda: ten' — tez, tan' — taz, az — an', ez — en' ha'm.t.b. so'zlerde keledi.

**Til aldi' [j] fonemasi'.** U'nli [j] sesi de basqa dawi'ssi'zlar si'yaqli' fonologiyali'q, tiykarg'i' belgilerine iye ha'm basqalarg'a qarama-qarsi' qoyi'li'p, so'zlerde ma'ni ayi'ri'p keledi. [J] — formasi'ni'n' tiykarg'i' belgileri: til aldi', juwi'si'n'qi', awi'zli'q boli'p keliwi.

[J] — [w] fonemalari' bir-birinen yeki belgisi boyi'nsha aji'rali'p turadi'. [J] — u'nli, til aldi' bolsa, [w] — sonor, yerinlik. Al qalg'an belgileri birdey: yekewi de juwi'si'n'qi', awi'zli'q. So'zlerde ma'ni ayi'ri'w qasiyetleri. So'zdin' basi'nda: jaq — waq, jaz — waz; so'zdin' wortasi'nda: a'jel — a'wel; so'zdin' aqi'ri'nda: taj — taw.

[J] — [b] fonemalari' yeki belgisi boyi'nsha aji'rali'p turadi'. [J] — til aldi', juwi'si'n'qi' bolsa, [b] — yerinlik, jabi'si'n'qi', al qalg'an belgileri boyi'nsha birdey: jabi'si'n'qi', awi'zli'q. So'zdin' basi'nda: bas — jas, jol — bol, jaqsi' — baqsi' ha'm.t.b.

[J] — [n] fonemalari' u'sh belgisi menen aji'rali'di'. Sol ushi'n da ko'p oppoziciyali' fonemalar delinedi. [J] — u'nli, [n] — sonor, [j] — juwi'si'n'qi', [n] — jabi'si'n'qi', [j] — awi'zli'q, [n] — muri'nli'q. Al qalg'an belgisi birdey: til aldi'. Mi'naday so'zlerde wori'n almasi'p kelip, ma'ni ayi'radi'. Mi'sali', jaz — naz, jay

— nay, jan — nan; so'zdin' wortasi'nda: ajar (bet-a'lpet ma'nisinde) — anar, go'je — go'ne. So'zdin' aqi'ri'nda keliw jag'daylari' gezlespeydi.

[J] — [m] fonemalari' ko'p oppoziciyali' fonemalar boli'p, bir-birinen to'rt belgisi boyi'nsha aji'raladi'. [J] — til aldi', u'nli, juwi'si'n'qi', muri'nli'q belgilerine iye. So'zlerde wori'n almasi'p kelip, kvaziomonimlerdi payda yetedi. Mi'sali', jal — mal, jol — mol, jaba — maba, jut — mut ha'm.t.b.

**Til arti' [g/g'] fonemasi'.** [G] sesinin' tiykarg'i', fonlogiyali'q belgileri to'mendegishe: u'nli, til arti', jabi'si'n'qi', awi'zli'q boli'p keliwi.

[G] — [k] fonemalari' tek bir belgisi menen aji'rali'p turadi'. [G] — u'nli, [k] — u'nsiz. Qalg'an belgileri birdey: yekewi de jabi'si'n'qi', awi'zli'q, til arti'. Mi'sali', gu'l — ku'l, go'r — ko'r ha'm.t.b.

[G] — [t] fonemalari' da bir belgisi menen aji'rali'p turadi'. Wolar bir oppoziciyali' fonemalar qatari'na kiredi. [G] — til arti', [t] — til aldi', qalg'an belgisi: yekewi de jabi'si'n'qi', awi'zli'q. Mi'sali', ga'p — ta'p, gu'r — tu'r, gez — tez so'zlerinde wori'n almasi'p kelip kvaziomonimlerdi payda yetedi.

[G] — [m] fonemalari' ko'p oppoziciyali' fonemalar. [G] — til arti, u'nli, awi'zli'q, [m] — yerinlik, sonor, muri'nli'q, al qalg'an belgisi birdey: yekewi de jabi'si'n'qi'. So'zdin' basi'nda: ga'p — ma'p, ga' — ma; so'zdin' wortasi'nda: segiz — semiz, ilgek — ilmek.

[G] — [s] fonemalari' da ko'p oppoziciyali' fonemalar. [G] — til arti', u'nli, jabi'si'n'qi' bolsa, [s] — til aldi', u'nsiz, juwi'si'n'qi', al qalg'an belgileri birdey: yekewi de awi'zli'q fonemalar. Maselen, gu'z — su'z, gu'r — su'r.

[G'] sesinin' tiykarg'i', fonologiyali'q belgileri: u'nli, kishkene tillik, juwi'si'n'qi'. Usi' belgileri arqali' mi'naday dawi'ssi'zlarg'a fonema retinde qarama-qarsi' qoyi'ladi'.

[G'] — [q] fonemalari' yeki belgisi menen aji'raladi'. [G'] — u'nli, [q] — u'nsiz, [g'] — juwi'si'n'qi', [q] — jabi'si'n'qi', al yekewi de kishkene tillik boli'wi'

wolardi’n’ usas belgileri. Mi’naday so’zlerde wori’n almasi’p kelip, ma’ni ayi’radi’: g’az — qaz, g’oy — qoy, g’am — qam.

[G’] — [s] fonemalar bir-birinen yeki belgisi boyinsha aji’raladi’. Sol sebepli, yeki oppoziciyali’ fonemalar boli’p yesaplanadi’. [G’] — u’nli, [s] — u’nsiz, [g’] — kishkene-tillik, [s] — til aldi’, al usas belgileri yekewi de juwi’si’n’qi’, awi’zli’q. Mi’naday so’zlerde wori’n almasi’p keledi. Mi’sali’, g’az — saz, g’ur — sur, g’ay — say, g’abi’r — sabi’r; so’zdi’n’ wortasi’nda: jag’a — jasa, tag’a — sag’a; so’zdin’ aqi’ri’nda: bag’ — bas so’zlerinde keledi.

[G’] — [t] fonemalari’ bir-birinen u’sh belgisi boyi’nsha aji’rali’p turadi’. [G’] — kishkene tillik, u’nli, juwi’si’n’qi’ bolsa, [t] — til aldi’, u’nsiz, jabi’si’n’qi’. Qalg’an belgileri birdey: yekewi de awi’zli’q fonemalar. Bul fonemalar mi’naday so’zlerde kelip kvaziomonimlerdi payda yetedi. Mi’sali’, g’az — taz, g’am — tam, g’aq — taq ha’m.t.b. Al so’zdin’ wortasi’nda: ag’a — ata.

Mine, biz joqari’da [g’] fonemasi’ni’n’ fonologiyali’q, tiykarg’i’ belgilerine toqtap wo’ttik ha’m qaraqalpaq tilinin’ mi’sallari’ tiykari’nda da’liyllep beriwge ha’reket yettik.

Qaraqalpaq tilinde u’nli dawi’ssi’zlardi’n’ (u’nsiz ha’m sonorlardan) aji’rali’p turatug’i’n tiykarg’i’ belgilerin (usas, birdey belgilerine de) fonema retinde qarama-qarsi’ qoyi’li’wi’n, jubaylasi’p keliwin, so’zlerde wori’n almasi’p kelip kvaziomonimlerdi payda yetetug’i’ni’n jumi’si’mi’zdi’n’ usi’ babi’nda ashi’p beriwge ha’reket qi’ldi’q.

Qaraqalpaq tilinde u’nli dawi’ssi’z fonemalardi’n’ qaysi’ wori’nlarda qalay jumsali’wi’n usi’ bapta qarasti’rami’z. Qaraqalpaq tilinde tiykari’nan 6 u’nli dawi’ssi’z fonema bar. Wolar: [b], [v], [g/g’], [d], [j], [z] fonemalari’. Usi’ fonemalardi’n’ ishinde tek qaraqalpaq tilinin’ tu’pkilikli so’zlerinde jumsalatug’i’n fonemalardi’ alami’z. Wolar mi’na fonemalar: [b], [g/g’], [d], [j], [z]. Al, qalg’an [v] fonemasi’ bul qaraqalpaq tilinin’ tu’pkilikli so’zlerinde qollanilmaydi’, tek g’ana rus tili ha’m rus tili arqali’ basqa tillerden kirip kelgen so’zlerde

qollani'ladi'. Sonli'qtan da, tek qaraqalpaq tilinin' tu'pkilikli so'zlerinde qollani'latug'i'n fonemalardi' g'ana izertlew obekti yetip aldi'q.

Qaraqalpaq tilindegi dawi'ssi'z fonemalardi'n' ha'mmesi derlik so'z basi'nda jumsaladi'. So'zdin' basi'nda ha'm aqi'ri'nda dawi'ssi'zlar tek bir retten jumsalsa, soni'n' menen birge usi' wori'nlarda ha'r qanday fonemani'n' yeki retten jumsali'wi' qaraqalpaq tili ushi'n, uluwma tu'rkiy tilleri ushi'n xarakterli yemes. Dawi'sisi'z fonemalar ko'p buwi'nli' so'zlerde so'z wortasi'nda jiyi jumsaladi'. Ha'tteki bir fonemani'n' wo'zi de bir so'zdin' wortasi'nda yeki, u'sh ret ushrasadi'. Sonli'qtan da so'zdin' wortan'g'i' poziciyasi'nda dawi'ssi'z fonemalardi'n' jumsali'w jiyiligi basqa yeki poziciyag'a (so'zdin' basi'ndag'i' ha'm aqi'ri'ndag'i') qarag'anda joqari' boladi'. Sonday-aq, ayi'ri'm dawi'ssi'z fonemalar so'zdin' basi'nda, ma'selen: [r] siyrek, [n'] pu'tkilley jumsalmaydi', al geyparalari' so'zdin' aqi'ri'nda, a'sirese u'nli fonemalar ma'selen: [b], [g/g'], [d] sheklengen bolsa, al so'z wortasi'nda bunday shekleniwdi ushratpaymi'z. Yag'ni'y so'z wortasi'nda biz belgilep alg'an u'nli dawi'ssi'z bes fonema toli'g'i' menen jumsala beredi.

Qaraqalpaq tilindegi dawi'ssi'z fonemalardi'n' so'z basi' ha'm aqi'ri'nda jumsali'wi'nda belgili da'rejede wo'zgeshelikler bar. Mi'sali', fonemalardi'n' so'z basi'nda jumsali'w jiyiligin qarasti'rg'ani'mi'zda so'zliktegi so'zlerdin' ko'bisinin' dawi'ssi'zdan baslang'ani' ani'qlandi'. Usi' so'zlerdin' ishinen biz tek u'nli dawi'ssi'z fonemalardi'n' so'zdin' aqi'ri'nda qay da'rejede jumsali'w jiyligin biliw ushin ja'ne statistikali'q yesaplaw ju'rgizemiz. Dawi'ssi'z fonemalar so'z aqi'ri'nda jumsali'wi' biraz sheklenedi.

Dawi'ssi'z – [b], [d], [g/g'] fonemalari' so'zdin' aqi'ri'nda sa'ykes – [p], [t], [k/q] boli'p ayti'lg'ani' menen jazi'wda wol yesapqa ali'nbaydi'. Bizge ma'lim so'zlikte a'wlad, jallad, bag', arab, la'b siyaqli' so'zlerdin' aqi'ri'nda u'nli sesler jumsaladi'. Mi'sali': klup, shtap, Leningrat, shat, a'wlat, baq, arap, la'p boli'p ayti'lsa da, klub, shtab, Leningrad, shad, a'wlad, bag', arab, la'b tu'rinde jazi'ladi'.

Sebebi, bul so’zler arab-parsi’ tillerinen ha’m basqa da tillerden wo’zlestirilgen so’zler boli’p yesaplanadi’.

Yeger azerbayjan tilinde so’zdin’ aqi’ri’ndag’i’ u’nsizler, yari’m u’nlige aylansa,[44] qaraqalpaq tilinde kerisinshe so’zdin’ aqi’ri’ndag’i’ u’nliler u’nsizlerge aylanadi’. A’lbette, bul so’zlerdin’ buwi’ni’ndag’i’ dawi’ssi’zlarg’a baylani’sli’ yemes, al a’debiy so’ylew tilindegi sol fonemalardi’n’ yesitiliw qa’siyetine baylani’sli’ boladi’.

So’zlerdin’ aqi’ri’nda ayi’ri’m dawi’ssi’z fonemalardi’n’, soni’n’ ishinde u’nlilerdin’ sheklengenligi qaraqalpaq tilinin’ wo’zine ta’n wo’zgesheligin ko’rsetedi. So’zdin’ aqi’ri’nda u’nli dawi’ssi’z fonemalardi’n’ wog’ada siyrek jumsali’wi’, geyparalari’ni’n’ sheklengen halda boli’wi’ bayqaladi’.

## 1.2. U’nsiz dawi’ssi’zlardi’n’ jumsali’wi’

Qaraqalpaq tilinde shawqi’mli’ dawi’ssi’zlar u’nli ha’m u’nsiz boli’p bo’liniw da’stu’r ge aylani’p, buri’nnan solay qa’liplesken. U’nli dawi’ssi’zlar ha’m wolardi’n’ u’nsizler menen jubaylasi’p keliwin, ma’ni ay’ri’wshi’li’q qa’siyetlerin, fonologiyali’q belgilerin joqari’da, aldi’n’g’i’ bo’limde ayti’p wo’ttik. Usi’ bo’limde u’nsiz dawi’ssizlardi’n’ fonologiyali’q, tiykarg’i’ belgileri haqqi’nda so’z yetemiz. U’nsiz dawi’ssi’zlardi’ aytqanda shawqi’m basi’m keledi. Belgili bir fonemalardi’n’ u’nli, u’nsiz boli’p, usi’ belgisi qarama-qarsi’ qoyi’li’p jubaylasli’qti’ du’ziw, so’zlerde kvaziomonimlerdi payda yetip, ma’ni ayi’ri’p keledi.

U’nsiz dawi’ssi’z fonemalardi’ K.Ubaydullaev miynetinde i’zi’n’si’z fonemalar dep, u’n qatnaspay tek shawqi’mnan payda bolatug’nli’g’i’n ayti’p, wolarg’a: [k], [q], [p], [t], [s], [f], [sh], [ts], [x] dawi’ssi’zlardi’ kirgizgen. Ilimpazdi’n’ pikirin keltirip wo’tsek: “Awi’zg’a qoldi’n’ si’rti’n qoyi’p

---

44. Щербак А.М. Сравнительная фонетика тюркских языков. Л., 1970, 101-с.

shawqi'mlardi' ayi'tqanda hawa pa'tsiz shi'qsa i'zi'n'li', al hawa pa'tli shi'qsa i'zi'n'si'z dawi'ssi'zlar payda boladi'" dep ko'rsetken[45].

Qaraqalpaq tilinin' dawi'ssi'z fonemalari' u'nli ha'm u'nsizlik belgileri boyi'nsha so'zdin' ha'r qi'yli' wori'nlari'nda bir-birine qarama-qarsi' qoyi'ladi'. Mi'sali', bar — par, zar — sar, jaba — sapa ha'm.t.b. U'nli ha'm u'nsiz dawi'ssi'z fonemalardi'n' bunday belgileri ayi'ri'm waqi'tlari' ma'ni ayi'ri'wshi'li'q xi'zmet atqarmaytug'i'nli'g'i' ko'rsetilgen. Mi'sali', gerbish — kerbish, gelle — kelle ha'm.t.b. so'zlerde qabatlasa bir ma'nide jumsala beretug'inli'g'i' fonetikali'q a'debiyatlarda keltirilgen[46]. Dawi'ssi'zlardi'n' u'nli-u'nsizligi boyi'nsha bunday fonemali'q qa'siyet atqarmawi' barli'q dawi'ssi'zlarg'a ta'n yemes. Sebebi, dawi'ssi'zlardi'n' u'nli, u'nsiz boli'p jubaylasi'p ma'ni ayi'ri'wshi'li'q xi'zmet atqaradi'. Mi'sali', joq — shoq, da'n — ta'n ha'm.t.b.

Qaraqalpaq tilinde barli'q dawi'ssi'z sesler, soni'n' ishinde u'nsiz fonemalar da ayri'qsha fonema retinde ma'ni ayi'ri'wg'a qatnasadi', wo'zlerinin' tiykarg'i' belgilerine iye. Qaraqalpaq tilindegi u'nsiz fonemalardi'n' fonologiyali'q belgilerine toqtap wo'temiz.

**Yerinlik [p] fonemasi'.** [P] sesi qaraqalpaq tilindegi basqa dawi'ssi'zlarg'a tiykarg'i' belgileri boyi'nsha qarama-qarsi' qoyi'ladi' ha'm wolardan sol belgileri menen aji'rali'p turadi'. Bul dawi'ssi'zdi'n' ma'ni ayi'ri'wshi' belgileri to'mendegishe: u'nsiz, jabi'si'n'qi', qos yerinlik, awi'zli'q boli'p keliwi woni'n' fonologiyali'q, ma'ni ayi'riwshi' belgileri.

[P] — [b] fonemalari' tek bir belgisi menen aji'rali'p turadi'. [P] — u'nsiz bolsa, [b] — u'nli. Al qalg'an belgileri birdey: yekewi de jabi'si'n'qi', awi'zli'q boli'p keliwi. Wolar mi'naday so'zlerde jumsaladi': bul — pul, bar — par, ba'k — pa'k ha'm.t.b. So'zdi'n' wortasi'nda: jaba — japa ha'm.t.b.

---

45. Убайдуллаев К. Қарақалпақ тили бойынша таңламалы мийнетлер. Нөкис, 1976.

46. Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси. Нөкис, 1995.

[P] — [t] fonemalari’: [p] — yerinlik, [t] — til aldi’, qalg’an belgileri birdey: par — tar, paz — taz, pa’n — ta’n ha’m.t.b. So’zdin’ wortasi’nda: apa — ata, sap — sat, jup — jut ha’m.t.b.

[P] — [s] fonemalari’: [p] — yerinlik, [s] — til aldi’, [p] — jabi’si’n’qi’, [s] — juwi’si’n’qi’. Qalg’an belgileri birdey: yekewi de u’nsiz, awi’zli’q. Mi’sali’, pal — sal, pa’n — sa’n, par — tar. So’zdin’ wortasi’nda: kepe — kese, apa — asa ha’m.t.b. So’zdin’ aqi’ri’nda: kep — kes, top — tos, tap — tas ha’m.t.b.

**Til aldi’ [t] fonemasi’.** Bul fonemani’n’ tiykarg’i’ belgileri: u’nsiz, til aldi’, jabi’si’n’qi’, awi’zli’q. Wol mi’naday dawi’ssi’zlardan ma’ni ayi’ri’wshi’ belgileri arqali’ aji’rali’p turadi’. Bul fonema to’mendegidey dawi’ssi’zlarg’a qarama-qarsi’ qoyi’ladi’.

[T] — [d] fonemalari’ bir-belgisi jag’i’nan aji’raladi’. [T] — u’nsiz, [d] — u’nli. Qalg’an belgileri birdey: yekewi de til aldi’, jabi’si’n’qi’. So’zdin’ basi’nda: tur — dur, tar — dar ha’m.t.b. So’zdin’ wortasi’nda: ati’r — adi’r; so’zdin’ aqi’ri’nda [d] u’nsiz [t] g’a aylani’p ketedi.

[T] — [q] fonemalari’ bir belgisi menen aji’raladi’. [T] — til aldi’, [q] — kishkene tillik. Al qalg’an belgileri jag’i’nan birdey: yekewi de u’nsiz, jabi’si’n’qi’, awi’zli’q fonemalar. Bul fonemalar so’zdin’ basi’nda kelip ayi’ri’wshi’ qa’siyetke iye boladi’. Mi’sali’, taq — qaq, tur — qur, taz — qaz ha’m.t.b. So’zdin’ aqi’ri’nda bolsa, sat — saq, jat — jaq ha’m.t.b. sol si’yaqli’ so’zlerde keledi.

[T] — [n] fonemalari’ bir-birinen yeki belgisi menen aji’rali’p turadi’. [T] — u’nsiz, awi’zli’q bolsa, [n] — sonor, muri’nli’q belgilerine iye. Wolardi’n’ usas belgileri: yekewi de jabi’si’n’qi’, til aldi’. So’zdin’ ha’r qi’yli’ wori’nlarda kelip ma’ni ayi’ri’wshi’li’q qa’siyetke iye boladi’. Mi’sali’, taz — naz, tur — nur; so’zdin’ wortasi’nda: ata — ana, qa’te — qa’ne; so’zdin’ aqi’ri’nda: sat — san, so’t — so’n, shi’t — shi’n.

[T] ─ [h] fonemalari’: [t] ─ til aldi’, jabi’si’n’qi’ bolsa, [h] ─ ko’mekey, juwi’si’n’qi’. Qalg’an belgileri birdey: yekewi de u’nsiz, awi’zli’q. Bul fonemalardi’n’ jubaylasi’p qarama-qarsi’ qoyi’li’p mi’naday so’zlerde kelip ma’ni ayi’radi’. Mi’sali’, tal ─ hal, taq ─ haq, tu’r ─ hu’r so’zlerinde so’zdin’ basi’nda keletug’i’ni’n ko’remiz.

**Til aldi’ [s] u’nsiz fonemasi’.** [S] ─ fonemasi’ni’n’ tiykarg’i’ belgileri: til aldi’, juwi’si’n’qi’, u’nsiz, awi’zli’q boli’p tabi’ladi’. Wol qaraqalpaq tilinde basqa dawi’ssi’zlarg’a to’mendegidey jag’dayda qarama-qarsi’ qoyi’ladi’.

[S] ─ [b] fonemalari’ bir-birinen u’sh belgisi menen aji’rali’p keledi. [S] ─ u’nsiz, juwi’si’n’qi’, til aldi’, [b] ─ u’nli, jabi’si’n’qi’, yerinlik. Qalg’an belgileri birdey: yekewi de awi’zli’q fonemalar. Mi’sali’, sol ─ bol, saq ─ baq, sel ─ bel, say ─ bay ha’m.t.b. So’zdin’ wortasi’nda: tasa ─ taza, asa ─ aza, jasa ─ jaza; so’zdin’ aqi’ri’nda bolsa, tas ─ taz, dus ─ duz, as ─ az ha’m.t.b. so’zlerinde kelip ma’ni ayi’ri’wg’a qatnasadi’.

[S] ─ [t] fonemalari’ bir-birinen jabi’si’n’qi’, juwi’si’n’qi’ belgileri arqali’ aji’rali’p turadi’. Basqa barli’q belgileri birdey: yekewi de til aldi’, u’nsiz, awi’zli’q. Mi’sali’, sat ─ tat, soz ─ toz, saz ─ taz, soq ─ toq so’zlerinde so’z basi’nda kelip, asa ─ ata so’zlerinde so’zdin’ wortasi’nda; tas ─ tat, bas ─ bat, qus ─ qut ha’m.t.b. so’zlerde so’zdin’ aqi’ri’nda keledi.

U’nsiz [s] fonemasi’ni’n’ [b], [m], [z], [t] dawi’ssi’zlari’nan aji’ralatugi’n belgilerin, qarama-qarsi’ qoyi’li’wi’n, solay yetip so’zlerde ma’ni ayi’ratug’i’nli’g’i’n keltirip wo’ttik.

**Til aldi’ [sh] u’nsiz fonemasi’.** [Sh] fonemasi’ ayi’ri’qsha fonema retinde wo’zinen basqa dawi’ssi’zlarg’a ma’ni ayi’ri’wshi’ belgileri: til aldi’, juwi’si’n’qi’, u’nsiz, awi’zli’q fonologiyali’q belgileri arqali’ qarama-qarsi’ qoyi’ladi’.

[Sh] ─ [j] fonemalari’ u’nli-u’nsizligi boyi’nsha aji’rali’p turadi’. Al qalg’an belgileri birdey: til aldi’, juwi’si’n’qi’, awi’zli’q. So’zdin’ basi’nda: shar ─ jar, shi’q ─ ji’q. So’zdin’ wortasi’nda bolsa: geshir ─ geji so’zlerinde kelip ma’ni

ayi’riwg’a qatnasadi’. [J] sesinin’ qaraqalpaq tilinde so’zdin’ aqi’ri’nda gezlespeydi.

[Sh] — [d] fonemalari’: [sh] — u’nsiz, juwi’si’n’qi’, [d] — u’nli, jabi’si’n’qi’. Al qalg’an belgileri birdey: yekewi de awi’zli’q. Bul fonemalar kvaziomonimlerdi payda yetip, ma’ni ayi’radi’. Mi’sali’, shi’q — di’q, shar — dar, ada — asha ha’m.t.b

[Sh] — [m] fonemalari’ bir-birinen bir qansha belgileri jag’i’nan aji’rali’p turadi’. [Sh] — til aldi’, u’nsiz, awi’zli’q, juwi’si’n’qi’, [m] — sonor, yerinlik, muri’nli’q, jabi’si’n’qi’. So’zdin’ basi’nda: shay — may, shal — mal; so’zdin’ wortasi’nda: keshe — keme; so’z aqi’ri’nda: ko’sh — ko’m boli’p keliwi wolardi’n’ ayri’qsha fonema yekenliginen derek beredi.

Solay yetip, [sh] fonemasi’ [j], [m], [d] fonemalari’na qarama-qarsi’ qoyi’li’p, so’zlerde ma’ni ayi’ri’wg’a qatnasadi’.

**Til arti’, kishkene tillik [k/q] u’nsiz fonemasi’.** [K] fonemasi’ni’n’ ma’ni ayi’ri’wshi’, tiykarg’i’ belgileri: til arti’, jabi’si’n’qi’, u’nsiz, awi’zli’q. Wol fonema retinde u’nli [g], juwi’si’n’qi’ [s], yerinlik [b], muri’nli’q [n] fonemalari’na qarama-qarsi’ qoyi’ladi’.

[K] — [g] fonemalari’ tek bir belgisi menen aji’rali’p turadi’. [K] — u’nsiz bolsa, [g] — u’nli, qalg’an belgileri birdey, yekewi de awi’zli’q, jabi’si’n’qi’ til arti’ fonemalari’. Mi’sali’, ku’l — gu’l, ko’sh — go’sh so’zlerinde kelip ma’ni ayi’ri’wshi’li’q xi’zmet atqaradi’.

[K] — [z] fonemalari’: [k] — u’nsiz, jabi’si’n’qi’, til arti’; [z] — u’nli, juwi’si’n’qi’, til aldi’. Usas belgileri: yekewi de awi’zli’q. Mi’sali’, ko’k — ko’z, ju’k — ju’z, tek — tez.

[K] — [n] fonemalari’ ko’p oppoziciyali’ fonemalar. [K] — til arti’, u’nsiz, awi’zli’q; [n] — til aldi’, sonor, muri’nli’q. Uqsasli’q belgileri yekewi de jabi’si’n’qi’. Mi’sali’, a’ke — a’ne ha’m.t.b.

[K] — [b] fonemalari’ bir-birinen to’mendegidey tiykarg’i’ belgileri arqali’ aji’rali’p turadi’ ha’m qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. [K] — u’nsiz, til arti’; [b] — u’nli,

yerinlik. Al qalg'an belgileri jag'i'nan birdey: yekewi de awi'zli'q, jabi'si'n'qi'. Mi'sali', ko'l ─ bo'l, kel ─ bel, kir ─ bir so'zlerinde so'zdin' basi'nda kelip ma'ni ayi'radi'.

[Q] ─ fonemasi'ni'n' fonologiyali'q, tiykarg'i' belgileri: kishkene tillik, jabi'si'n'qi', u'nsiz, awi'zli'q fonema.

[Q] ─ [n] fonemalari' u'sh belgisi jag'i'nan aji'rali'p turadi'. [Q] ─ kishkene tillik, u'nsiz, awi'zli'q; [n] ─ til aldi', sonor, muri'nli'q. Qalg'an belgisi birdey, yekewi de jabi'si'n'qi'. Mi'sali', qar ─ nar, qaz ─ naz, soqa ─ sona, qaq ─ qan, toq ─ ton ha'm.t.b.

[Q] ─ [m] fonemalari' bir-birinen bir qansha belgileri arqali' aji'rali'p turadi'. [Q] ─ kishkene tillik, u'nsiz, awi'zli'q bolsa, [m] ─yerinlik, sonor, muri'nli'q. Mi'sali', qal ─ mal, juqa ─ juma, taq ─ tam, diq ─ dim ha'm.t.b.

[Q] ─ [l] fonemalari' u'sh belgisi boyi'nsha aji'rali'p turadi' ha'm fonema retinde qarama-qarsi' qoyi'ladi'. [Q] ─ kishkene tillik, u'nsiz, jabi'si'n'qi' bolsa, [l] ─ til aldi', juwi'si'n'qi', sonor.

**Ko'mekey [h] u'nsiz fonemasi'**. [H] fonemasi'ni'n' ma'ni ayi'ri'wshi' tiykarg'i' belgileri: ko'mekey (faringal), juwi'si'n'qi' awi'zli'q, shawqi'mli', u'nsi'z fonema. Wol fonema retinde [x], [q], [n'] fonemalari'na qarama-qarsi' qoyi'ladi'.

[H] ─ [x] fonemalari' jasali'w worni' boyi'nsha bir-birine qarama-qarsi' qoyi'ladi'. [H] ─ ko'mekey, juwi'si'n'qi', awi'zli'q, shawqi'mli', [x] ─ kishkene tillik, juwi'si'n'qi', awi'zli'q, shawqi'mli' fonemalar. Mi'sali', hal ─ xalat.

[H] ─ [n'] fonemalari' u'sh belgisi boyi'nsha aji'rali'p turadi'. [H] ─ fonemasi'n aytqanda tildin' tu'bi (ko'mekey), [n'] ─ fonemasi'n aytqanda kishkene til ha'reketshen' so'ylew ag'zalari' xi'zmetin atqari'p, jasali'w worni' boyi'nsha [h] ─ ko'mekey, [n'] ─ kishkene tillik dawi'ssi'z fonemasi' dep ataladi'. [H] ─ awi'zli'q, [n'] ─ muri'nli'q, [h] ─ juwi'si'n'qi', [n'] ─ jabi'si'n'qi' dawi'ssi'z fonema.

**Kishkene tillik [x] u’nsiz fonemasi’**. [X] fonemasi’ni’n’ ma’ni ayi’ri’wshi’, tiykarg’i’ belgileri: kishkene tillik, juwi’si’n’qi’, awi’zli’q, shawqi’mli’, u’nsiz fonema. Wol fonema retinde [g’], [q], [n’] fonemalari’na qarama-qarsi’ qoyi’ladi’.

[X] — [g’] fonemalari’ bir belgisi menen aji’raladi’. Artikulyaciyali’q jaqtan [x] fonemasi’ [g’] dawi’ssi’zi’na usaydi’. Bulardi’n’ ayi’rmashi’li’g’i’ [x] — u’nsiz, [g’] — u’nli. Mi’sali’, xali’q — g’arq ha’m.t.b.

[X] — [q] fonemalari’ da bir belgisi menen aji’raladi’. [X] — kishkene tillik, juwi’si’n’qi’, awi’zli’q, shawqi’mli’; [q] fonemasi’ — kishkene tillik, jabi’si’n’qi’, awi’zli’q, shawqi’mli’ dawi’ssi’z. Mi’sali’, xan — qan, xat — qat (qabat), xabar — qabar (qabari’w).

[X] — [n’] fonemalari’ jasali’w usi’li’ ha’m dawi’sti’n’ qatnasi’ jag’i’nan bir-birinen aji’rali’p turadi’. [X] — kishkene tillik, juwi’si’n’qi’, shawqi’mli’, awi’zli’q, [n’] — kishkene tillik, jabi’si’n’qi’, sonor, muri’nli’q fonema.

Qaraqalpaq tilinin’ tu’pkilikli so’zlerinde u’nsiz dawi’ssi’zlardi’n’ ishinde [k/q] fonemasi’ so’z basi’nda ju’da’ jiyi qollani’ladi’. Wonnan son’g’i’ wori’nda [s], [t], [p] fonemalari’ turi’p, qalg’an u’sh fonemag’a qarag’anda ko’birek jumsaladi’. Usi’ poziciyada [h], [sh], [x] joqari’dag’i’ fonemalarg’a sali’sti’rg’anda siyregirek jumsali’w mu’mkinshiligine iye yekenligi belgili boldi’.

U’nsiz dawi’ssi’z fonemalardi’n’ qaraqalpaq tilinin’ tu’pkilikli so’zlerinde bul yeki poziciyada da ken’nen qollani’li’w mu’mkinshiligin ko’rdik.

## II BAP. Sonor dawi’ssi’zlardi’n’ jumsali’wi’

Ha’r qanday til seslerin jasawda so’ylew ag’zalari’ tiykarg’i’ xi’zmet atqaradi’. Atap aytqanda, seslerdin’ jasali’wi’nda ha’reketshen’ ha’m ha’reketshen’ yemes so’ylew ag’zalari’ni’n’ xi’zmeti u’lken a’hmiyetke iye. Basqa dawi’ssi’z sesler qatari’ sonor dawi’ssi’zlardi’n’ jasali’wi’nda da mine usi’ so’ylew ag’zalari’ anaw yaki mi’naw da’rejede qatnasadi’. Artikulyaciyali’q jaqtan barli’q dawi’ssi’zlarg’a ta’n qa’siyet, wolardi’ aytqani’mi’zda wo’kpeden shi’qqan hawa ag’i’mi’ so’ylew ag’zalari’ni’n’ qanday da bir jerinde tosqi’nli’qqa ushi’raydi’. Da’l tosqi’nli’qti’n’ payda yetilgen worni’ dawi’ssi’z sestin’ jasali’w worni’ si’pati’nda qaraymi’z. Ma’selen, dawi’ssi’z y sesinin’ ayti’li’wi’nda hawa ag’i’mi’ tildin’ wortan’g’i’ bo’limi arasi’nda tosqi’nli’qqa ushi’raydi’. Sonli’qtan da bul sesti til wortasi’ dawi’ssi’zi’ dep tani’ymi’z.

Sonday-aq dawi’ssi’zlardi’ aytqanda ha’reketshen’ so’ylew ag’zasi’ni’n’ ha’reketshen’ yemes so’ylew ag’zasi’na jabi’si’wi’ (tiyiwi), juwi’si’wi’ (jaqi’nlasi’wi’) yaki til ushi’ni’n’ birden jabi’si’p jazdi’ri’li’wi’ (dirildewi) arqali’ tosqi’nli’q payda yetiliwi mu’mkin. Dawi’ssi’zlar artikulyaciyasi’ndag’i’ bunday usi’lda tosqi’nli’qti’n’ payda yetiliwi dawi’ssi’zlardi’n’ jasali’w usi’li’ boli’p tabi’ladi’. Usi’g’an baylani’sli’ ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi m, n, n’ sonorlari’ – jabi’si’n’qi’, y, w, l sonorlari’ – juwi’si’n’qi’, r sonorlari’ – dirildewik fonemalar dep ataladi’. Dawi’ssi’z seslerdin’ ko’pshiliginin’ jasali’wi’nda awi’z quwi’sli’g’i’ jan’g’i’ri’q xi’zmetin atqaratug’i’n bolsa, geypara dawi’ssi’zlardi’ aytqanda ma’selen, m, n, n’ sonorlari’n aytqani’mi’zda muri’n quwi’sli’g’i’ da jan’g’i’ri’q xi’zmetin atqaradi’. Sonli’qtan wolar – muri’nli’q dawi’ssi’zlar boli’p tabi’ladi’. Sonday-aq bul sonorlardi’n’ muri’nli’q dawi’ssi’z sesler bolg’ani’ menen birinshisi – yerinlik, yekinshisi – til aldi’, al u’shinshisi – kishkene tillik boli’p jasali’w worni’ boyi’nsha bir-birinen aji’rali’p turadi’.

Ha’r qanday tildegi seslerdin’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin ani’qlawda wolardi’n’ a’meliy jaqtan qollani’li’wi’, yag’ni’y so’zdin’ ha’r qi’yli’ poziciyalari’nda jumsali’wi’ u’lken a’hmiyetke iye. Atap aytqanda, ko’pshilik tyurkologlar tu’rkiy tillerdin’ fonetikasi’n izertlewde seslerdin’ tu’rli poziciyalarda qollani’li’w yaki qollani’lmaw jag’daylari’na qaray, sol tillerdin’ bir-birine jaqi’nli’q yaki qashi’qli’q belgilerin ani’qlag’an. Wo’ytkeni, tillerdi klassifikaciyalawda leksikali’q birliklerge qarag’anda fonetikali’q, morfologiyali’q wo’zgeshelikler uzaq da’wirler dawami’nda wo’zgerissiz saqlanatug’i’nli’g’i’n faktler tasti’yi’qlaydi’. Sonday-aq, seslerdin’ jumsali’w wo’zgesheliklerin u’yreniw arqali’ anaw yamasa mi’naw tildin’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin, ayi’ri’mashi’li’qlari’n ashi’p beriwge boladi’.

Sonor dawi’ssi’zlar da wo’zine ta’n bolg’an jumsali’w wo’zgesheliklerine iye. Ko’pshilik tyurkologlardi’n’ tasti’yi’qlag’ani’nday-aq sonorlar yeski tu’rkiy tilde so’zdin’ basi’nda qollani’li’wi’ sheklengen yaki uluwma qollani’lmag’an.[47]

Ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi basqa dawi’ssi’zlar si’yaqli’ sonorlar da wo’zinin’ jumsali’w wo’zgesheligi boyi’nsha aji’rali’p turadi’. Atap aytqanda, bul tuwrali’ A.Da’wletov ha’m M.Qudaybergenovlardi’n’ maqalalari’ ja’riyalang’an. Wonda sonorlardi’n’ so’zdin’ ha’r qi’yli’ poziciyalari’nda jumsali’w jiyiligi, qollani’li’wi’ wo’zgeshelikleri eksperment ju’rgiziwler tiykari’nda ani’qlang’an.[48] Usi’lardi’ yesapqa alg’an halda, biz bul bapta ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi sonor dawi’ssi’zlardi’n’

[47] *Рясянен М.* Материалы поисторической фонетике тюркских языков. М., 1955; *Кононов А.Н.* Грамматика современного узбекского литературного языка М.:, Л., 1960; *Щербак А.М.* Сравнительная фонетика кумыкского языка, М-Л., 1970; Исследования по сравнительной грамматика тюркских языков М.-Л., 1955. ч.I; М., 1984; Сравнительно-историческая грамматика тюркских языков. Фонетика. М., 1984.
[48] *Дәўлетов А.* Қарақалпақ тилинде даўыссыз фонемалардың жумсалаў жийилиги ҳаққында. // Қарақалпақ тил билиминиң айырым мәселелери. Илимий мақалалар жыйнағы. Нөкис-1987. 8-17 бетлер; *Кудайбергенов М.* Дистрибуция согласных звуков каракалпакского языка. // Ж.ӨзР. ИА ҚБ Хабаршысы. Нөкис, 2001.№1-2. 113-115-бетлер.

so’zdin’ tu’rli poziciyalari’ndag’i’ jumsali’w wo’zgeshelikleri, wolardi’n’ singarmonizm ni’zami’na qatnasli’ bolg’an ta’repleri jo’ninde toqtap, qaraqalpaq tilinin’ mi’sallari’ tiykari’nda da’lillewge ha’reket yetemiz. Soni’n’ menen birge sonor dawi’ssi’zlardi’n’ tariyxi’y rawajlani’w ha’m qa’liplesiw basqi’shlari’na da toqtap wo’temiz.

Til seslerinin’ jumsali’wi’ tuwrali’ aytqani’mi’zda, woni’n’ fonostilistikali’q xi’zmetleri de, yag’ni’y seslerdin’ sintaksis penen baylani’sli’ bolg’an ta’repleri de u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’q tuwdi’radi’. Basqa dawi’sszlar ha’m dawi’sli’lar qatari’ sonorlar da ga’ptegi so’zdin’ ishinde ha’r qi’yli’ (sozi’li’n’qi’, ta’kirarlani’p) ayti’li’wi’ arqali’ ayti’lajaq so’zge, ha’tte pu’tin bir ga’pke qosi’msha emocional-ekspressivlik ma’nilerdi ju’klewi mu’mkin. Jumi’sta mine usi’ ma’selege de di’qqat awdarami’z.

Solay yetip, biz bul bapti’ «Muri’nli’q sonorlardi’n’ jumsali’wi’», «Awi’zli’q sonorlardi’n’ jumsali’wi’» dep bo’lip u’yrenemiz.

## 2.1. Awi’zli’q sonorlardi’n’ jumsali’wi’

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde [l, r, y, w] awi’zli’q sonrlari’ da wo’zine ta’n jumsali’w wo’zgesheliklerine iye. Biz bul bo’limde wolardi’n’ so’zdin’ ha’r qi’yli’ wori’nlari’ndag’i’ jumsali’w wo’zgeshelikleri jo’ninde so’z yetemiz.

**L sonori’.** Til aldi’, qaptal juwi’si’n’qi’, awi’zli’q l sonori’ ko’pshilik tu’rkiy tilleri ushi’n ta’n ses boli’p yesaplanadi’. Yeski tu’rkiy jazba yestelikleri tilinde l sonori’ni’n’ juwan ha’m jin’ishke dawi’sli’lar menen qollani’li’wi’ ushi’rasadi’: al (Mog, 24), «ali’w», altun (Mog, 11), «alti’n», bilga (mog, 33) «dana».

Yeski tu’rkiy tilinde l tiykari’nan, so’zdin’ wortasi’nda ha’m aqi’ri’nda jumsalg’an, al so’zdin’ basi’nda siyrek jag’dayda ko’binese yeliklewish so’zlerde jumsaladi’: lop-lop, lap-lap, lu’p-lu’p t.b.[49]

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde l sonori’ so’zdin’ tu’rli poziciyalari’nda to’mendegidey da’rejede jumsaladi’.

**Ye**ski tu’rkiy tilde (pra yazi’k) l sonori’ so’zdin’ basi’nda M.Ryasyanennin’ jazi’wi’ boyi’nsha ushi’raspag’an.[50]

Ha’zirgi tu’rkiy tillerinde so’zdin’ basi’ndag’i’ l sonori’ ko’binese, yeliklewish so’zlerde jumsalatug’i’nli’g’i’n ko’pshilik ilimpazlar tasti’yi’qlaydi’: bashq. lop-lop, -shawqi’mli’ yeliklew, tu’r.lykyr-lukur –ishiwge yeliklew, lop-lop, lopur-lopur-shalpi’ldati’p ishiwge yeliklew, gag. laklaku-du’kildi, luburda-«shuwi’ldaw» t.b.[51] Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde de bir qatar yeliklewishlerdin’ basi’nda l sonori’ jumsaladi’: loq-loq, li’q-li’q, lars-lars ha’m t.b. Basqa tu’rkiy tilindegi si’yaqli’ ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi l sonori’nan baslang’an so’zlerdin’ ko’pshilik jag’dayda basqa tillerden wo’zlesken so’zler yekenligin bayqawg’a

[49] *Мусаев К.* Көрсетилген мийнети, 345-бет.
[50] *Рясянен М.* Көрсетилген мийнети, 181-бет
[51] *Мусаев К.* Көрсетилген мийнети, 346-бет.

boladi’: lala, lampa, lager, la’gen, la’m, la’mser t.b. Sonday-aq so’ylewde so’z basi’nda l ~ n sa’ykesligi de bar: ladan-nadan.

Affikslerdin’ basi’nda l sonori’ wo’nimli jumsaladi’.-li’//-li, -laq//-lik, -la//-le, -las//-les, -law//-lew, -lay//-ley t.b.

Awi’zli’q l sonori’ so’zdin’ ishinde yeski tu’rkiy tilinde de, ha’zirgi tu’rkiy tillerinde de wo’nimli qollani’ladi’: alag’, «ala». yeski tu’rk. ala, tu’r.ala, alt.ala. qaz., qqalp., qi’rg’., tu’rkm., qarayi’m ala, tat $a^0$la, chuv.ula, yakut ala t.b.Tu’bir morfemalardi’n’ ishinde l sonori’ b, g, g’, j, l, w, m, p, k, q, t, sh dawi’ssi’zlari’ menen qabatlasi’p jumsalsa, morfemalar shegarasi’nda l sonori’ basqa dawi’ssi’zlar menen birge kelip lb, lg, lg’, ld, lj, lz, lk, lq, ll, lm, ln, lp, lt, ls, lsh dizbeklerin du’zedi: tubir morfemalarda, qa’lbir, belgi, balg’a, aljas, wolja, alla, alti’, halwa, salma, ji’lqi’, u’lken, balta, bulshi’q, qa’lpe t.b; morfemalar shegarasi’nda, Gulbaq, ilgir, alg’an, aldi’, Paljan, gu’lzar, palker, julqi’, aqi’lli’, kelme, ji’lnama, jelpi, tolti’r, kalsa, belshe t.b.

Bir qatar tu’rkiy tillerdegi[52] si’yaqli’ so’ylew de l sonori’ so’zdin’ wortan’g’i’ poziciyasi’nda turaqsi’z, tusip qaladi’.[53] Buni’ to’mendegidey jag’daylardan ko’riwge boladi’. 1) –g’an//-gen kelbetlik feyil formasi’ aldi’nda: alg’an-ag’an, kelgen-kegen; 2) –i’p//-ip hal feyil formasi’ aldi’nda; ali’p-ap, kelip-kep; 3) –ma//-me boli’msi’z feyil formasi’ aldi’nda : -alma-ama, kelme-keme; 4) –sa//-se sha’rt meyil formasi’ aldi’nda: alsa-asa, kelse-kese; 5) –si’n//-sin buyri’q meyil formasi’ aldi’nda: alsi’n-asi’n, kelsin-kesin; 6) –g’i’z//-giz wo’zgelik da’reje formasi’ aldi’nda: alg’i’z-ag’i’z, kelgiz-kegiz; 7) wol, bul, sol almasi’qlari’ seplengende, tarti’mlang’anda, ayi’ri’m so’z jasawshi’ morfemalardi’ qabi’llag’anda tu’birdegi l tu’sip qaladi’, yag’ni’y «bul almasi’qlar da’slepki etimologiyasi’n saqlaydi’».[54]

---

[52] *Дмитриев Н.К.* ИПСГТЯ. М., 1955. Фонетика. 279-280.
[53] *Қудайбергенов М.* Өзиниң докторлық диссертациясында л сонорының түсип қалыўын О-ноль фонема менен алмасады ҳәм аўызеки сойлеў тилине тән болғн морфонологиялық қубылыс деп қарайды. (*Қудайбергенов М.* Қорақалпоқ тилида морфонологик ҳодисалар. АДД.Нукус-2004, 29-бет).
[54] *Қудайбергенов М.* Сонда 27-бет.

Sonday-aq, so’ylewdin’ tezligine baylani’sli’ bunday almasi’qlarg’a basqa dawi’sli’ ha’m dawi’ssi’zlardan baslang’an so’zler dizbeklesip kelgende l sonori’ tu’sip qali’wi’ mu’mkin: Sol adam-soadam, wol adam-wo adam, sol ku’n-soku’n, sogu’n, bul jer-bu jer, bu’yer, wol kim-wogim ha’m t.b. Al so’zdin’ wortasi’nda kelgen l sonori’ so’ylewde ha’m dialektlerde g’, n, r, m sesleri menen almasi’p jumsali’p, l ~ g’, l~m, l~r sa’ykesliklerin payda etedi: A.balalar ~ Q. Bag’alar, A. digershik ~ Q.diga’lcha’k “do’n’gelek”, shag’i’r ~ Q. shag’i’l tari’, isle~iste, musi’lman~musi’rman, za’lel~za’rer t.b.

Son’g’i’ l yeski tu’rkiy tilinde de, ha’zirgi tu’rkiy tillerinde de turaqli’. Yeski tu’rkiy tilde artikulyatsiyali’q jaqtan ha’zirgi l g’a usamaytug’i’n $l^1$ sesi bolg’an. Chuvash tilinen basqa tillerde bul a’zziz $l^1$ sh, s tu’rinde sa’wlelengen. Chuvash sonday-aq kama bulgarlari’ni’n’ tilinde wol a’dettegi l g’a aynalg’an: chuv. xa’l-tu’rkiy qys, qys «qi’s», čul ~ tas, tas «tas». śul ~jas, zas “jas”[55]. Chuvash tilindegi śul “jas” so’zi bizdegi ji’l so’zi menen tu’birles bolsa kerek. Wo’ytkeni, semantikali’q jaqtan bizdegi ji’l, jas so’zlerinin’ ma’nileri bir-birine jaqi’n keledi.

Soni’n’ menen birge uluwma tu’rklik z (z) menen chuvashli’q ś sa’ykesligi de saqlang’an: tu’rk. goz , koz- chuv. ku ś «ko’z», tu’rk. bas,  bas ~puś «bas» t.b.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi tu’bir morfemalardi’n’ ha’m affiks morfemalardi’n’ aqi’ri’nda l sonori’ wo’nimli jumsaladi’. So’zdin’ aqi’ri’nda: bel, kel, bal, sal, tal, ko’l, sho’l, ku’l, awi’l, jol, sel, kewil, til ha’m t.b. affikslerde: -i’l//-il, -shi’l//-shil, –al//-el t.b. Ma’s, wori’ldi’, sezildi, aqshi’l, ko’kshil, ten’el, sawal t.b. Ayi’ri’m jag’daylarda so’zdin’ aqi’ri’ndag’i’ l sonori’ so’ylewde n’ boli’p ayti’li’w xalatlari’ da ushi’rasadi’: sol qol > son’qol, al «sol jaq» degenimizde l sonori’ wo’zgermeydi. Demek l ni’n’ n’ g’a wo’zgeriwin q dawi’ssi’zi’ni’n’ ta’sirinde bolatug’i’n seslik qubi’li’s boli’p esaplanadi’.

[55] *Мусаев К.* Сонда, 357-бет.

Uluwma alg'anda l sonori' wo'zinin' tariyxi'y rawajlani'wi'na ha'm wo'zine ta'n jumsali'w wo'zgesheliklerine iye. So'zdin' ishinde basqa dawi'ssi'zlar menen qabatlasi'p jumsali'w menen birge tu'sip qali'w qa'siyetine de iye boli'p tabi'ladi'.

**R sonori'.** A'dette r sonori' til aldi', qatti' tan'layli'q dirildewik dawi'ssi'z yesaplanadi'.[56] Degen menen geypara eksperimentalli'q izertlewlerde r sonori'na basqasha si'patlama beriwler de bar. Ma'selen, R.Beknazarova «rus ha'm ukrayn tilindegi kokuminalli'q r dawi'ssi'zi'nan ayi'rmashi'li'g'i' dirildewik r sonori' qaraqalpaq tilinde teren' kokuminalli'q, velyarizaciyalasqan dawi'ssi'z dep baha beredi.[57]

Ko'pshilik tyurkologlar rus tilindegi r g'a sali'sti'rg'anda tu'rkiy tillerdegi r sonori' artikulyatsiyali'q jaqtan ha'lsiz yekenligin ko'rsetedi. Ma'selen, Tuvin tilindegi r dawi'ssi'zi' rus tilindegi r dan ha'lsizirek artikulyaciyag'a iye. Sonday-aq, yeski tu'rkiy runikali'q alfavitinde r sonori'ni'n' juwan ha'm jin'ishke variantlari' bolg'an. Ma'selen, bar "bar", turk "tu'rk" [Mor. 29.1].[58]

Yeski tu'rkiy yestelikleri tilinde so'zdin' basi'nda r sonori'ni'n' jumsalmaytug'i'nli'gi'n ko'pshilik tyurkologlar yeskertedi.[59] Ma'selen, N.A.Baskakovti'n' ayti'wi'nsha r sonori'ni'n' tu'bir so'zlerdin' basi'nda ushi'rasi'wi' siyrek gezlesedi. Tek g'ana wo'zlestirilgen so'zler ushi'n so'zdin' basi'nda r xarakterli, wonda da so'ylewde protezali'q i', i sesleri qosi'li'p ayti'ladi'.[60] Ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi materiallarda buni' tasti'yi'qlaydi': ret-iret, ras-i'ras, ruxsat-uruxsat, ren-iren', raxmet-i'raxmet, Ra'wshan-İra'wshan ha'm t.b. Solayda S.E.Malov yeski jazba yesteliklerdin' ishinde tek Kuli Shora

---

[56] *Рясянен М.* Көрсетилген мийнети. 183-бет
[57] *Бекназарова Р.* Консонантизм современного каракалпакского литературного языка. АКД. Киев, 1972.16-бет.
[58] *Мусаев К.* Сонда, 360-361-бетлер.
[59] *Рясянен М.* 1955. 183; *Кононов А.Н.* Грамматика современного узбекского литературного языка. М., Л., 1960. 34-бет.
[60] *Баскаков Н.А.* Каракалпакский язык. т.2.М., 1952.65-бет

yesteligi tilinde «rmla» -«jabayi' haywanni'n' ati'» degen bir so'z bar yekenligin yeskertedi.[61]

Yeski da'wirde bari's sepliginin' –ru formasi' bolg'an. Bul forma S.E.Malovti'n' tasti'yi'qlawi' boyi'nsha, ju'da' yeski forma boli'p yesaplanadi'.[62] Ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi ayi'ri'm tu'bir so'zlerdin' qurami'nda bul affiks wo'li tulg'a si'pati'nda saqlani'p qalg'an: ari', beri, keri, ishkeri, ti'sqari' t.b. Al, ha'zir qaraqalpaq tilindegi affikslerdin' wortasi'nda ha'm aqi'ri'nda r sonori' wo'nimli jumsaladi': -i'raq//-irek, -i'rqa//-irke, -i'ra//-ire, -g'ar//-ger, -qar//-ker, -di'r//-dir, -ti'r//-tir, -ar//-er, -i'r//-ir ha'm t.b.

So'zdin' wortang'i' poziciyasi'nda dawi'ssi'zdi'n' aldi'nda r turaqsi'z. Ma'selen, yer (boli'w) feyilindegi r barli'q tu'rkiy tillerde r joq bolgan: tu'rk yedi (erdi), qqalp., qaz. yedi. A'sirese, uyg'i'r tilinde r di'n' jog'ali'wi' jiyi gezlesedi: o': da'k (wo'rdek), o: ma (worma) ko': mek (ko'rmek) t.b. Qaraqalpaq tilindegi so'zlerdin' wortasi'nda r sonori'i'nn' jumsali'wi' wo'nimli boli'p, woni' to'mendegidey mi'sallardan ko'riwge boladi': ari'q, ara, qara, sari', jara, art, wo'rt, ko'rk, ma'rt, jurt ha'm t.b. Ha'zirgi waqi'tta r sonori' tu'bir morfemalarda ha'm morfemalar shegarasi'nda barli'q u'nli, u'nsiz ha'm sonorlar menen qabatlasi'p jumsala beredi: arba, arg'i', zerger, sergek, bardi', qorji'n, arza, ji'rla, g'arri', da'rya, da'rwish, qi'rman, arna, a'rman, san'raw, arpa, arqa, jerken, yerte, yersi, arsha ha'm t.b.

Yeliklewish so'zlerde bir buwi'n ishinde r sonori' k, q, t, p, s, sh dawi'ssi'zlari' menen qabatlasi'p jumsali'wi' ko'birek ushi'rasadi': gu'rk, g'arq, tarp, sharp, ti'rp, part, sart, shi'rt, du'rs, gu'rs, tars, ti'rs, g'arsh, girsh t.b.

Sonday-aq, r sonori' so'ylewde basqa dawi'ssi'zlar menen so'zdin' ishinde wori'n almasi'p ta jumsala beredi:

r-y : u'yrek-o'rdek, darya-da'yra;

---

[61] *Малов С.Е.* Памятники древнетюркской письменности М.; Л. 1951.102-бет
[62] *Малов С.Е.* Памятники древнетюркской письменности М.; Л. 1951.45-бет

r-b : terben-tebren;

r-p : torpaq-topraq, jarpaq-japraq;

r-l : ta’kirarlaw-ta’kirallaw.

So’zdin’ aqi’ri’nda yeski tu’rkiy yesteliklerde de ha’zirgi tu’rkiy tillerde de r sonori’ turaqli’ : bar –«bar», (KTm.9), bir (sanli’q (KTm.6) ha’m t.b. tu’rk, qarayi’m, azerb., tu’rkm. ga:r (qar), qi’rg’., qaz., qqalp. qar; tat., bashq. $qa^0r$ ha’m t.b. Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde de so’zdin’ aqi’ri’nda r sonori’ jiyi jumsaladi’ : bar, jar, tar, ar, xabar, awi’r, jawi’r, tawar, qatar ha’m t.b. Tu’rkiy so’zlerde so’zdin’ aqi’ri’nda r-l-y sesleri sa’ykesligi bayqaladi’. Ma’selen, bar «bayli’qti’n’ molshi’li’g’i’», mal «mal mu’lk, bayli’q» ha’m bay «bardamli’, mal mu’likli» so’zlerinin’ semantikali’q jaqtan ma’nilerinin’ jaqi’nli’g’i’ buni’ tasti’yi’qlap tur.

Sonday-aq, «chuvash tilinde r sonori’ni’n’ qollani’lgan wori’nlari’nda basqa tu’rkiy tillerde z qollani’latug’i’ni’n ko’riwge boladi’. Tap bunday ayi’rmashi’li’q tu’rkiy tilleri menen mongol tilleri arasi’nda da bar. Bul tu’rkiy tillerin klassifikaciyalawda da basli’ kriteriyalardi’n’ biri boli’p tabi’ldi’»[63] – dep jazadi’ M.Tomanov. Woni’n’ ayti’wi’nsha r> z > y bir waqi’tlari’ bir fonemani’n’ ko’rinisleri bolg’an.[64] Qaraqalpaq tilinde bul awi’si’w r-z, z-y formasi’nda ko’rinedi: serle-sez, so’zle-so’yle. Soni’n’ menen birge r ~ s sa’ykesligi de bar: tu’r-tu’s.

Qi’sqasha aytqanda, r sonori’ so’zdin’ wortan’g’i’ ha’m aqi’rg’i’ poziciyalari’nda jumsaladi’. So’zdin’ ishinde barli’q dawi’ssi’zlar menen qabatlasi’p qollani’w menen birge so’ylewde ayi’ri’m dawi’ssi’zlar menen wo’z ara wori’n almasi’p ayti’ladi’.

**W sonori’.** «Qos yerinlik, sonor w dawi’ssi’zi’ qaraqalpaq tilinde so’zdin’ basi’nda tek g’ana tan’laqlarda jumsaladi’ : «Way ( <bay // pay), wax (< bax // pax). Ko’pshilik jag’dayda bul sesten baslang’an so’zler arab-parsi’ tillerinen

---

[63] *Томанов М.* Қазақ тілінің тарихи грамматикасы. Алматы, 1988, 69-бет.
[64] Сонда. 69-бет.

wo'zlesken so'zler yesaplanadi'»-dep jazg'an yedi N.A.Baskakov.[65] K.Mengestin' ayti'wi'nsha «qaraqalpaq tilindegi w rus tilingedi v ha'm anglichan tilindegi w arasi'ndag'i' arali'q jag'daydi' iyeleydi».[66] Sonday-aq yeski tu'rkiy tilinde w dawi'ssi'zi' so'zdin' basi'nda ushi'raspag'anli'g'i'n ha'm ha'zirgi tu'rkiy tillerde tek g'ana wol wo'zlestirilgen so'zlerde jumsalatug'i'nli'g'i'n M.Ryasyanen atap wo'tken yedi.[67]

Ata tu'rkiy tilde p ken' qollani'lg'an, son' ala wol u'nli b g'a aylang'an: yeski tu'rk. qapi'q > qabi'q, ap >ab t.b. Duri's, yeski tu'rkiy yesteliklerinde ab, ev (aw) tu'rindegi so'zlerde aqi'rgi' b ni' ushi'rati'wg'a boladi'. Bul aqi'rg'i' b son' ala tu'rkiy tillerde v, w tu'rinde qa'liplesti. «XI a'sirge tiyisli M.Qashg'arli'ni'n' so'zliginde w fonemasi' so'z ortasi' ha'm aqi'ri'nda qollani'lg'an. Bul fonema tu'rkiy tillerinin' rawajlani'wi'ni'n' worta tu'rk da'wirine kelip wo'z aldi'na fonema si'pati'nda qa'lipleskenin ko'riwge boladi'».[68]

Demek, w dawi'ssi'zi'ni'n' payda boli'wi'ni'n' arg'i' basi' p u'nsizine bari'p taqaladi'.

Yag'ni'y, p – b ⟋ v tipinde boli'wi' itimal.
⟍ w

Buni' qaraqalpaq tilindegi mi'na qap-qabi'q, qawi'q so'zleri de tasti'yi'qlasa kerek. Sonday-aq, wo'zin qorshag'an assimiliyaciyalawshi' dawi'sli'lardi'n' ta'siri menen awi'zdi'n' qatti' ashi'li'wi'na sebepshi jag'dayg'a baylani'sli' g' tez-tez bilabial w g'a aylani'p woti'rg'an, geyde v g'a da. Ma'selen, ag'i'z (awi'z) - tat. $a^0$wz, bashq. $a^0$wz, qaz., awz, qqalp. Awi'z ha'm t.b. Al geypara tu'rkiy tillerinde ag'i', ag'a, ag'u, og'a, og'u, ug'u, i'g'i' birliklerinde g' saqlang'an : Yeski tu'rk. ag'i'r (ayai'r) –azerb., tu'rkm. ag'i'r, wo'zb. og'r; ag'i'z (awi'z) –yeski tu'rk. ag'i'z, azerb., tu'rkm.ag'i'z, wo'zb. og'z ha'm t.b.

---

[65] *Баскаков Н.А.* Көрсетилген мийнети. 63-бет.
[66] *Рясянен М.* Көрсетилген мийнети. 168-бет.
[67] Сонда. 167-бет.
[68] *Абдиназимов Ш.* Көрсетилген мийнети. 54-бет.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi so’zlerdin’ basi’nda w sonori’ wo’nimli qollani’ladi’. Biraq, bul sesten baslang’an so’zler ko’binese arab-parsi’ tillerinen wo’zlesken so’zler boli’p keledi: wa’de, wa’liy, waqi’t, waqi’ya, watan, wa’spi t.b.

So’zdin’ basi’nda kelgen o, o’ ha’riplerinin’ aldi’nda w sonori’ qosi’li’p ayti’ladi’ ha’m jazi’ladi’: won, wo’t, wo’sh, wol ha’m t.b.

So’zdin’ wortasi’nda w sonori’ qaraqalpaq tilinde wo’nimli jumsaladi’: sawal, juwan, suwi’q, tawi’s, awi’l, jawi’n t.b.

Tu’bir morfemalarda ha’m morfemalar shegarasi’nda w sonori’ n’ fonemasi’nan basqa barli’q dawi’ssi’zlar menen qabatlasi’p jumsaladi’: ta’wbe, ha’wjar, g’awg’a, sawg’a, tuwra, awma, awna, juwsan, tuwsha, awdar, na’wpir, tawla, jawza, sa’wkele ha’m t.b.

So’ylewde ha’m dialektlerde w sonori’ b, n’, g, y sesleri menen sa’ykeslikler du’zedi: A. baba- Q. buwa//bi’wi’, A. kabap- Q. kawap; kewil-ko’n’il, ju’weri-ju’geri, juwi’r-ju’gir, buwday-biyday ha’m t.b. So’z aqi’ri’nda : selew-selen’, aw-an’.

Basqa tu’rkiy tiller qatari’ qaraqalpaq tilinde de w sonori’ so’zdin’ aqi’ri’nda wo’nimli jumsaladi’: taw, jaw, saw, aw, baw, tew ha’m t.b. Affiksler qurami’nda w sonori’ aqi’rg’i’ ha’m ortan’gi’ poziciyalari’nda wo’nimli jumsaladi’: -law//-lew, -aw//-ew, -i’w//-iw, -i’wda//-iwde, -awi’q//-ewik t.b. Joqari’da aytqani’mi’zday p-b-w sa’ykeslikleri wolardi’n’ tariyxi’y rawajlani’wi’ni’n’ sebeplerinen bolsa kerek: qap-qabi’q-qawi’q, jap-jabi’q-jawi’q.

Uluwma alg’anda, w sonori’n tu’rkiy tillerinin’ konsonantizmi qurami’nda son’g’i’ da’wirlerdegi payda bolg’an fonema si’pati’nda bahalaw mu’mkin. Qaraqalpaq tilinde bul fonema so’zdin’ barli’q poziciyalari’nda wo’nimli jumsalatug’i’nli’g’i’n ko’rdik. Al, bul sestin’ basqa dawi’ssi’zlar menen almasi’p qollani’li’wi’ bir ta’repten, tu’rkiy seslerdin’ rawajlani’w tariyxi’ menen baylani’sli’ bolsa, yekinshi ta’repten, tu’rkiy tillerine ta’n singarmonizmge baylani’sli’ dep qarag’an maqul.

**Y sonori'.** Til worta, awi'zli'q y sonori'ni'n' ata tu'rkiy tilde (pra yazi'k) bolg'an-bolmag'anli'g'i' tuwrali' ma'sele dawli' boli'p tabi'ladi'.A.M.Sherbak «Ata tu'rkiy tilde basqi' y bolmag'an dep tasti'yi'qlaydi': Dawi'sli' fonemalar sistemasi', wolardi'n' bo'listiriliwi, worni' so'zdin' basi'nda y din' qollani'li'wi'n biykarlaydi'. Basqi' poziciyada v g'a kelip tireledi. Bul u'nsiz tis arasi' spirant ko'birek wo'zinin' da'slepki sapasi'n tek chuvash Ć ha'm yakut S da saqlag'an.[69] Solay etip, Sherbakti'n' boljawi' boyi'nsha «basqi' C (v) altay tilinde **d'** g'a jetken, tuva ha'm shor tillerinde –ch , chuvashta Ć, yakut, k.balk.dialektlerinde –z, qaz., qqalp., nog'. ha'm tat. tillerinde – ж, qi'rg'i'z, tofalar tilinde ĵ, qalg'an tillerde – j bolg'an.[70] Bunnan S.E.Malovti'n' yeski ha'm jan'a tu'rkiy tiller haqqi'ndag'i' teoriyasi'ni'n' ta'siri yekenin an'sat tu'siniwge boladi'. S.E.Malov barli'q tu'rkiy tillerdi yeski ha'm jan'a dep yekige bo'ledi ha'm bulgar, chuvash, yakut tillerin yen' yeski tu'rkiy tiller qatari'na yendiredi.[71] Bul tasti'yi'qlamadan A.M.Sherbak tu'rkiy tillerindegi basqi' j (y) yakut tilindegi s, al chuvash tilindegi Ć bolsa, ata tu'rkiy tilde C boli'wi' kerek degen juwmaq shi'g'ari'wi'na sebepshi bolg'an. Sonday-aq wol S.E.Malovti'n' jazba yestelikler tilinde y az qolani'lg'an degen pikirin yesapqa alg'an bolsa kerek. Bizin'she, yakut tilindegi basqi' S basqi' j yag'ni'y, j>ж, ch>sh>s tu'rindegi basqi' izbe-iz wo'zgerislerdin' na'tiyjesi. Al chuvash tilindegi Ć da basqi' j>j >$j^1$>$sh^1$>$s^{\,1}$ formasi'nda do'regen boli'wi' haqi'yqatli'qqa jaqi'ni'raq keledi.

Yen' da'slepki y dawi'ssi'zdan birlemshi dep yesaplawshi' V.V.Radlov yedi. Wol y dawi'ssi'zi'ni'n' rawajlani'w sxemasi'n to'mendegishe ko'rsetedi: j>ś, j>ć, ć>ż, ż>ċ, s>ś; j>ś, j>ć, son'i'nan ć>ż>ś. Bul pikirdi qollap quwatlawshi' ha'm dawam yettiriwshi V.A.Bogoroditskiy boli'p, wol y dawi'ssi'zi'ni'n' ko'pshilik tu'rkiy tillerde, yeski tu'rkiy tili ha'm polovets tillerinde saqlani'p

---

[69] *Щербак А.М.* Сравнительная фонетика тюркских зыков. Л., 1970. 79-80-бетлер.
[70] Сонда, 150-бет.
[71] *Малов С.Е.* Памятники древнетюркской письменности. 142-143-бетлер.

qalg’ani’li’g’i’n aytadi’. Bunnan wol y ni’n’ rawajlani’wi’ to’mendegidey boli’wi’ kerek degen shamalaw bildiredi.[72]

j →z→ ž→č→s
↘
s'

Solay yetip qa’nigelerdin’ tasti’yi’qlawi’ boyi’nsha yeski basqi’ y ni’n’ boli’w-bolmawi’ tuwrali’ ko’z-qaraslardi’ yeki toparg’a bo’lip qaraladi’. Radlov ha’m Bogoroditskiyler baslang’an toparlardi’n’ yesaplawi’nsha basqi’ y birlemshi ses bolsa, al Ramstedt baslang’an topardi’n’ pikirinshe basqi’ y yekilemshi yesaplanadi’. Ko’pshilik jag’dayda birinshi topar ko’z-qarasi’ da’lillengen boli’p yesaplanadi’.[73] Demek, basqi’ y ni’n’ yeski tu’rkiy tilinde boli’w-bolmaw ma’selesi u’zil-kesil wo’z sheshimin tapti’ dep bolmaydi’.

Solay da til aldi’, jabi’si’n’qi’, affrikat j (dj) ha’m til wortasi’, juwi’si’n’qi’ y (җ//y) sa’ykesligi M.Qashqariydin’ tasti’yi’qlawi’ boyi’nsha, ju’da’ yeski da’wirlerden bar tu’rkiy tillerindegi fonetikali’q ni’zamli’li’q boli’p tabi’ladi’.[74]

Tu’rkiy tillerde basqi’ y ni’n’ saqlani’w xalatlari’ gezlesedi. Yeski tu’rk. jol, tu’r., qum., gagawz jol, tu’rkm jo:l, uyg’., wo’zb., azerb., jol t.b. Ko’pshilik tu’rkiy tillerde basqi’ y wo’zgeriske ushi’rag’an: j >җ: ja’:r (jer)-qi’rg’., k.balk. җer, qqalp. dial җer; j >j : jol – qqalp., qaz. jol, joq t.b.

Ha’zirgi qaraqalpaq tili dialektlerinde ha’m so’ylewde y- җ-j sa’ykesliklerin bayqawg’a boladi’: җas (djas)-jas-yash, җaqsi’-jaqsi’-yaqshi’ t.b. Sonori’ y fonemasi’ so’zdin’ basi’nda diftong jasawg’a qatnasdi’ ha’m bul ses tiykari’nan, so’zdin’ wortang’i’ ha’m aqi’rg’i’ poziciyalari’nda wo’nimli jumsaladi’. So’ylewde ko’binese, so’zdin’ basi’ndag’i’ j sesinin’ worni’na y ni’n’ jumsali’wi’ y menen so’ylew yeski da’wirlerden bar, qaraqalpaklar ushi’n ta’n qubi’li’s

[72] Сравнительно-историческая грамматика тюркских языков. Фонетика. М., Наука, 1984, 256-257-бетлер.
[73] Сонда, 259-бет.
[74] Курышжанов А.К. М. Қашгари о кипчакском языке. – «С.Т», 1972, №2, 55-бет.

yekenliginen derek beredi:[75] jaman-yaman, jaq-yaq, jaqsi'-yaqshi', japi'rmay-yapi'rmay t.b.

Buni' qaraqalpaq klassik shayi'rlari' shi'g'armalari'nda y sesinin' so'zdin' basi'ndag'i' poziciyasi'nda wo'nimli jumsalg'anli'g'i' da da'lilleydi. D.Saytovti'n' ko'rsetiwinshe «XVIII-XIX a'sirlerdegi shayi'rlardi'n' shi'g'armalari'ndag'i' "j" sesinin' so'z basi'nda "y" sesi menen almasi'wi' birinshiden, so'ylemlik (govorli'q) wo'zgeshliklerge baylani'sli' bolsa, yekinshiden, wolardi'n' birazi'ni'n' yeski a'debiy til normalari'n saqlap, qol jazba tu'rinde kelip jetkeni menen baylani'sli' boli'p tabi'ladi'."[76]

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde so'zdin' wortasi'nda y sonori' wo'nimli jumsaladi'. Ma'selen, qayi'q, jayaw, qaymaq, aydi'n, ayi'l, sayi'l ha'm t.b.

Bul fonema Orxon-Enisey yesteliklerinde de so'zdin' barli'q poziciyalari'nda wo'nimli qollani'lg'an: ya'rda'ki-jerdegi (E.e. 32), Yana-ja'ne (T.k., 44), Bayrag'-bayraq (Mog, 33), yoq-joq (E.e.24) ha'm t.b. M.Qashqariydin' so'zliginde ha'm wonnan keyingi yesteliklerde de bul ses jiyi gezlesedi.[77] Sonday-aq y dawi'ssi'zi' bir qatar dawi'ssi'zlar menen so'zdin' ishinde almasi'p jumsali'wi' A'jiniyaz shi'g'armalari'nda ushi'rasadi'.

Yeki tu'bir morfemani'n' yaki tu'bir morfemag'a ko'mekshi morfemani'n' birigiwi na'tiyjesinde y sonori' interfiks xi'zmetinde jumsaladi'. Ma'selen, agayin-ag'a+ini, naylaj-na+ilaj t.b. Al son'g'i' «*Naylaj*» so'zindegi y interfiks yesaplanadi'. Yag'ni'y, ilaj so'zine na prefiksinin' qosi'li'wi' arqali' i sesi tu'sip qali'p, y interfiksi yeki morfemani' baylani'sti'ri'wshi' xi'zmet atqari'p tur. Wo'ytkeni, qaraqalpaq tilinde yeki dawi'sli' qabatlasi'p jumsalmaydi'. Na'tiyjede i dawi'sli'si' tu'sip qali'p y sonor dawi'ssi'zi' ko'mekke kelgen.

---

[75] С.Е. Малов бул қубылысты «қарақалпақ тилине анаў яки мынаў тиллердиң тәсир жасаўынан емес, ал әййемнен бар, қарақалпақ тилиниң тәбиятына тән конгломеративлик қубылыс» деп баҳалаўы да пикиримизди тастыйықлайды. (Малов С.Е. Заметки о каракалпакском языке. Нукус. 1966.24-бет).

[76] Сайтов Д. XVIII –XIX әсирлердеги қарақалпақ шайырлары шығармаларының тили. Нөкис, 1989, 21-бет.

[77] Сравнительно –историческая грамматика тюркских языков. Фонетика. М., «Наука», 1984. 281-бет.

Tu’bir morfemalarda ha’m morfemalar shegarasi’nda y sonori’ n’ sonori’nan basqa barli’q dawi’ssi’zlar menen qabatlasi’p jumsala beredi. Ma’selen, ba’ygi, aybat, sayman, gu’yze, u’yke, iyle, uyqi’, ayran, bayli’q, ayna, bayraq, woyla, qayshi’, qaynaw, qi’ysi’q ha’m t.b.

Til wortasi’ y sonori’ ha’zirgi qaraqaqalpaq tilinde tu’bir morfemalardi’n’ aqi’ri’nda wo’nimli jumsaladi’: bay, tay, qalay, jay, u’y, biy, tiy, ay, say t.b. Tu’rkiy jazba yesteliklerde de bul ses so’zdin’ aqi’rg’i’ poziciyasi’nda wo’nimli jumsalg’anli’g’i’n ko’pshilik ilimpazlar tasti’yi’qlaydi’. Affiksler qurami’nda y sonori’ meyil kategoriyasi’ni’n’ –ayi’n//-eyin, -(a) yi’q//-(e) yik, -g’ay//-gey, -qay//-key formalari’nda, kelbetlik jasawshi’ –day//-dey, -tay//-tey ha’m t.b. affikslerde qollani’ladi’.

Juwmaqlap aytqanda, basqa dawi’ssi’zlar menen sali’sti’rg’ani’mi’zda sonor dawi’ssi’zlardi’n’ so’zdin’ basi’nda tu’pkilikli so’zlerde jumsali’wi’ siyrek gezlesedi. Bunday seslerden baslang’an so’zlerdin’ ko’pshiligi derlik wo’zlestirilgen so’zler boli’p tabi’ladi’. Ko’pshilik sonorlar ha’r qi’yli’ singarmoniyali’q qubi’li’slarg’a beyim boli’p kelip tu’rli wo’zgerislerge ushi’rap woti’radi’. Ayi’ri’m sonorlarga so’zdin’ ishinde so’ylewde tu’sip qali’w qa’siyeti ta’n bolsa, ayi’ri’mlari’ basqa dawi’ssi’zlar menen wori’n almasi’p jumsala beredi. Uluwma alg’anda, sonor dawi’ssi’zlar wo’zine ta’n bolg’an ayri’qsha jumsali’w wo’zgesheliklerine iye sesler boli’p yesaplanadi’.

## 2.2. Muri'nli'q sonorlardi'n' jumsali'wi'

Tu'rli tiptegi dawi'ssi'z fonemalardi'n' distribuciyali'q si'patlamasi'n beriw ushi'n, yen' aldi' menen wolardi'n' tu'rli poziciyalarda jumsali'w jiyligin ani'qlaw za'ru'r. Sebebi ha'r tu'rli tiptegi dawi'ssi'z fonemalardi'n' so'z basi'nda, wortasi'nda ha'm aqi'ri'nda jumsali'w jiyligi negizinen turaqli' boladi'. Dawi'ssi'z fonemalardi'n' so'zlerdin' basi'nda, wortasi'nda ha'm aqi'ri'nda jumsali'w jiyligin statistikali'q yesaplawlar tiykari'nda izertlegenimizde joqari'da ko'rsetilgen ko'pshilik du'nya tilleri ushi'n xarakterli bolg'an ni'zamli'qlar qaraqalpaq tilinin' materiallari' menen toli'q tasti'yi'qlanadi'.

**M sonori'.** Qos yerinlik, jabi'si'n'qi', muri'nli'q m sonori' yeski tu'rkiy tilde ko'pshilik ilimpazlardi'n' tasti'yi'qlawi' boyi'nsha so'zdin' basi'nda ju'da' siyrek ushi'rasadi': Ma'selen, wo'zbek tilinde bul ses so'zdin' barli'q poziciyalari'nda ko'rinedi, birak tu'bir so'zlerdin' basi'nda ju'da' siyrek ushi'rasadi',[78] al, uyg'i'r tilindegi yeski so'zlerdin' basi'nda bul ses ju'da' siyrek qollani'lg'an.[79]

M.Ryasyanen wo'zinin' miynetinde «yeski tu'rkiy tilde m sonori' ha'm basqa sonorlar da so'zdin' basi'nda derlik ushi'raspag'an»[80]-dep jazadi'. Yag'ni'y, bul fonema son'g'i' da'wirlerde g'ana qollani'la baslag'an yekilemshi fonema boli'p tabi'ladi'.

So'z basi'ndag'i' m-b sa'ykesligi ko'pshilik tyurkologlardi'n' di'qqati'n tartqan. Bunday qubi'li's ha'zirgi tu'rkiy tillerde de, sonday-aq du'nya tillerinde de ken' yen jayg'an. Ko'pshilik tu'rkiy tillerinin' dialektlerinde m-b sa'ykesliginin' ushi'rasi'wi' da buni' da'lilleydi: wo'zb. dial. murun-a'd. burun, mojun –bujun; tu'rkm. dial. mojun-a'd. bojun, mitin-bitin (pu'tin).[81] Qaraqalpaq tili dialektlerinde de bunday sa'ykesliklerdi

---

78 *Кононов А.* Грамматика современного узбекского литературного языка. 33-бет.
79 *Садвакасов Г.* Язык уйгуров Ферганской долины. Алма-Ата, 1970. ч. I. 40-бет.
80 *Рясянен М.* көрсетилген мийнети, 181-бет.
81 *Зуфаров С.* Сайрамский говор узбекского языка. АКД Т., 1966. 7-бет; *Амансарыев Ж.* Түркмен диалектологиясы. Ашгабат, 1970. 219-бет.

ko’riwge boladi’: arqa dialektte bekkem- qubla dialektte ma’kkem; sonday-aq muri’n-buri’n, moyi’n-boyun ha’m t.b.[82]

M.Tomanovti’n’ shamalawi’ boyi’nsha da yeski tu’rkiy tili da’wirinde-aq n>b>m awi’si’wi’ qa’liplesti, n>b awi’si’wi’ ju’da’ yertede payda boldi’ ha’m tillerdin’ derlik barli’g’i’n qamti’di’, al b~m sa’ykesligi yeski tu’rkiy tildin’ son’g’i’ da’wirlerinde payda boli’wi’ mu’mkin.[83] Bul tuwrali’ basqa da ko’pshilik tyurkologlar yeskertedi.[84]

Ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi tu’bir morfemalardi’n’ basi’nda ha’m ko’mekshi morfemalarda m sonori’ jiyi jumsalatug’i’nli’g’i’n ko’riwge boladi’. Tu’bir morfemalarda: men, mektep, muz, ma’ni, miywe, menshik, maqset t.b. Degen menen bul sesten baslanatug’i’n so’zlerdin’ ko’pshiligi derlik arab-parsi’ yaki basqa tillerden wo’zlesken so’zler boli’p tabi’ladi’.

Singarmonizmge baylani’sli’ m sonori’ b, p dawi’ssi’zlari’ menen birge ha’r qi’yli’ qosi’mtalardi’n’ tu’rli variantlari’n jasawg’a da qatnasadi’: -mi’z//-miz, -bi’z//-biz, -pi’z//-piz, -ma//-ma, -ba//-be, -pa//-pe, -maq//-mek, -baq//-bek,-paq//-pek. Sonday-aq qosi’mtalardi’n’ aqi’ri’nda da m sonori’ni’n’ qollani’li’wi’n ko’riwge boladi’: -i’m//-im, -g’i’lti’m//-giltim. Singarmonizmge baylani’sli’ dawi’sli’ yaki y, w, r, l awi’zli’q sonorlari’na pitken so’zlerge –ma//-me boli’msi’zli’q formalari’ jalg’anadi’: si’na-ma, inde-me, bar-ma, kel-me, qoy-ma, taw-ma t.b.

So’zdin’ wortasi’ndag’i’ m sonori’ni’n’ jumsali’wi’ yeski tu’rkiy tilden tap ha’zirgi da’wirge shekem saqlani’p qalg’an. Ma’selen, yeski tu’rkiy yesteliklerinde so’zdin’ wortasi’nda m sonori’ wo’nimli jumsalg’an[85]: jumčaq (KTM5), emgek (azap, awi’r) (KTb, 19, Mog, 13 ).

---

[82] *Насыров Д.С.* Становление каракалпакского общенародного разговорного языка и его диалектная система. Нукус-Казань. 1976.321-324-бетлер.
[83] *Томанов М.* Қазақ тiлiнiң тарихи грамматикасы. Алматы, 1988, 55-бет.
[84] *Дмитриев Н.К.* Көрсетилген мийнети, 271-б; *Серебренников Б.А.* Из истории звуков и форм тюркских языков. – СТ, 1974. №6. 5-б; *Щербак А.М.* Сравнительная фонетика тюркских языков. 81-82-бетлер ҳәм т.б.
[85] *Мусаев К.* Сонанты. Сравнительно-историческая грамматика тюркских языков. Фонетика. М., Наука, 1984. 317-318-бетлер.

Ko’pshilik jag’dayda so’z wortasi’ m sonori’ tu’bir ha’m qosi’mtani’n’ birigiwi arqali’ so’z wortasi’nda jumsaladi’. Ma’selen, jeme, barma, salma, berme t.b.

Sog’an qaramastan ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi so’zlerdin’ wortan’g’i’ poziciyasi’nda m sonori’ni’n’ qollani’li’wi’ wo’nimli boli’p tabi’ladi’: jamaw, qamaw, ti’maw, temir, wo’mir, ko’mir t.b.

Dissimilyaciya[86] qubi’li’si’ boyi’nsha n, p, b sesleri m sonori’ menen so’ylewde wo’z ara almasi’p qollana beriwi mu’mkin: ketpen-ketmen, ka’mmag’al-ka’mbag’al, qamba-qanba, bomba-bonba, tambadi’-tanbadi’ ha’m t.b.

Sonday-aq, m sonori’ tu’bir morfemalarlardi’n’ buwi’nlar shegarasi’nda ha’m morfemalar shegarasi’nda dawi’ssi’zlari’ menen qabatlasi’p jumsala beredi: Ma’selen, gu’mbez, qumli’, ha’mme, tamg’a, Hamza, ta’mbi, somsa, umti’l, shi’mshi’, i’mla, tompaq, za’mber, jempir, qamqa, si’qmar, jumsaq, qamshi’, jemtik, tumsi’q ha’m t.b.

Tu’bir so’zdin’ aqi’ri’ndag’i’ m sonori’ni’n’ qollani’li’wi’ buri’nnan bar boli’p, ha’zirgi tu’rkiy tillerdin’ ha’mmesinde, soni’n’ biri qaraqalpaq tilinde de wo’nimli jumsaladi’: tam, kem, jem, em, qum, dem, ko’m, qam, la’m ha’m t.b.

Orxon-Enisey yestelikleri tilindegi tu’bir so’zlerdin’ aqi’ri’nda m sonori’ wonsha ko’p ushi’raspag’an. Ko’pshilik jag’dayda affikslerdin’ aqi’ri’nda jumsali’w xalatlari’n ko’riwge boladi’: yelim, ilim, «menin’ yelim» (KTb, 9), biligim «bilimim» (KTb 50), qanym «menin’ qani’m» (Ton, 52) ha’m t.b.[87]

**N sonori’.** Til aldi’, jabi’si’n’qi’, muri’nli’q n sonori’ so’zdin’ basi’nda yeski tu’rkiy tilde ju’da’ siyrek jumsalg’anli’g’i’n ko’pshilik tyurkologlar

---

[86] Диссимиляция –латынша dissimilatio «усамаў», «сәйкеслеспеў» деген мәнини аңлатады.
[87] *Мусаев К.* Көрсетилген мақаласы, 321-бет.

tasti'yi'qlaydi'. Wolardi'n' ayti'wi'nsha n sonori' tek so'zdin' basi'nda ne almasi'g'i'ni'n' qurami'nda qollani'lg'an. Basqa almasi'qlar da usi' ne almasi'g'i' tiykari'nda payda bolg'an.[88]

M.Ryasyanennin' tasti'yi'qlawi' boyi'nsha, bul ses yeski tu'rkiy tilinde bolmag'an, wo'ytkeni Altay negiz tilinde bolg'an n, y sesine aylani'p ketken.[89]

Al, tu'rkiy tillerin izertlewshilerdin' pikirinshe n sonori'nan baslang'an so'zlerdin' ko'pshiligi derlik wo'zlesken so'zler boli'p keledi.[90]

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde n sonori' so'zdin' basi'nda wo'nimli jumasalatug'i'nli'g'i'n ko'riwge boladi': ne, na'wshe, nan, nawri'z, nabat, nag'i's, nawa ha'm t.b. Soni' da ayti'w kerek, haqi'yqati'nda da bul sesten baslang'an so'zler basqa tillerden wo'zlesken so'zler boli'p tabi'ladi'. Professor N.A.Baskakovti'n' ayti'wi'nsha, bunday n sonori'nan baslangan so'zler ko'binese, eski mongol, arab-parsi' ha'm son'g'i' da'wirlerdegi rus tili ha'm wol arqali' basqa tillerden kirgen so'zler boli'p yesaplanadi'.

So'zdin' wortang'i' poziciyasi'ndag'i' n sonori'ni'n' jumsali'wi' toli'q saqlang'an. Buni' ha'zirgi tu'rkiy tiller mi'sallari'nan da ko'riwge boladi': tu'rkm, yene «ana, apa, yene», kaz., tu'rkm. ine «iyne», kaz. Apa, wo'z,. ana «ana», tof. unda, kaz. wonda «wonda» ha'm t.b.[91]

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde de basqa tu'rkiy tillerdegidey n sonori' wortang'i' poziciyada jiyi jumsaladi': ana, ja'ne, sa'ne, qanar, qa'ndek ha'm t.b.

---

[88] *Кононов А.Н.* Грамматика современного узбекского литературного языка. С.33; *Тенишев Э.Р.* Саларский язык. М., 1963. С 14; *Баскаков Н.А*. Каракалпакский язык. М., 1952. Т.II. с 63; *Щербак А.М.* Грамматика староузбекского языка. М.; Л., 1962, 86-бет; Сравнительно-историческая грамматика тюркских языков. М., 1984. с.170.

[89] *Рясянен М.* Материалы по исторической фонетике тюрксих языков. 176-бет.

[90] *Баскаков Н.А*. Каракалпакский язык. М., 1952. 63-бет ; *Томанов М.* Қазақ тілінің тарихи грамматикасы. 65-бет ҳәм т.б.

[91] *Мусаев К.* Көрсетилген мийнети, 325-326-бетлер.

Ko'pshilik jag'dayda so'zdin' ishinde n-d-t sa'ykesligi (yaki almasi'wi') assimilyatsiyali'q yaki dissimiltsiyali'q qubi'li'slarg'a baylani'sli' payda boladi'. Ma'selen, ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi ayi'ri'm seplik jalg'awlari'nda bunday singarmonizmge baylani'sli' bolg'an sa'ykesliklerdi ko'riwge boladi': -ni'n'//-nin', -di'n'//-din', -ti'n'//-tin', -ni'//-ni, -di'//-di, -ti'//-ti, -nan//-nen, -dan//-den, -tan//-ten.

Singarmonimge baylani'sli' iyelik sepligi jalg'awi'ni'n' dawi'sli'larg'a ha'm muri'nli'q sonorlarg'a pitken so'zlerge –ni'n'//-nin' varianti', u'nli ha'm awi'zli'q sonorlarg'a pitken so'zlerge sa'ykes –di'n'//-din' varianti', al u'nsizlerge tamamlang'an so'zlerge bolsa sa'ykes –ti'n'//-tin' varainti' jalg'anadi'.

Morfemalar shegarasnda n sonori' d, j, z, n, s, sh dawi'ssi'zlari' menen qabatlasi'p qollansa, tu'bir morfemalardi'n' qurami'nda ol j, z, l, d, t, sh dawi'ssi'zlari' menen qabatlasi'p jumsalatug'i'nli'g'i'n ko'riwge boladi'. Ma'selen, morfemalar shegarasi'nda : tu'nde, ku'nnen, qansi'ra, menshik, Xanzada ha'm t.b. Tu'bir morfemalardi'n' qurami'nda: qanjar, jantaq, qundi'z, santi'q, inji, enshi ha'm t.b.

Tu'birde ha'm morfemalar shegarasi'nda kelgen n sonori' so'ylewde singarmonizmge baylani'sli' m, n', l sonorlari'na awi'si'p woti'radi': nb>mb: minbe-mimbe, ti'nba-ti'mba, wonbir-wombir, nanbay-nambay, janbaw-jambaw; nl>ll: janli'q-jalli'q, ku'nlikshi-ku'llikshi, senler-seller-senner.

ng/g', k/q >n'g/g', k/q: tu'ngi-tu'n'gi, tang'i'-tan'g'i', jonqa-jon'qa, qong'an-qon'g'an, minges-min'ges, won qi'z-won'g'i'z, sen keldin'-sen'geldin' ha'm t.b.

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde y-n sa'ykesligi so'ylewde gezlesedi. So'ylewde biz qayda soraw almasi'g'i'n qa'ne, qanda dep qollana beremiz. Bul so'zlerdin' tu'biri qan, qay yekenligine gu'man joq. Solay yeken, buni'

yeski da’wirdegi seslerdin’ rawajlani’w bari’si’ndag’i’ y-n seslerinin’ awi’si’w qaldi’qlari’ dewge boladi’.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi tarti’mni’n’ III betinen son’ jalg’anatug’i’n wori’n sepliginin’ –da//-de formasi’n baylani’sti’ri’wda n sonori’ interfiks xi’zmetin atqaradi’. Bul tuwrali’ qazaq ilimpazi’ Quri’mjanov yestelikler tilindegi n sesinin’ morfemalar shegarasi’nda keliwin da’nekerlik xi’zmetke baylani’sli’ dep tasti’yi’qlasa, Tenishev sari’ uyg’i’r tilinde tarti’m jalg’awi’ni’n’ III betinen keyin bari’s, shi’gi’s, wori’n seplikleri formalari’ ha’m –day//-dey qosi’mtalari’ jalg’ang’anda payda bolatug’i’n n sesinin’ tu’rkiy tillerge wortaq yekeni, tek ha’zirgi uyg’i’r, wo’zbek tillerinde ushi’raspaytug’i’nli’g’i’n atap ko’rsetedi.

İnterfikstin’ seplik jalg’awlari’nda payda boli’wi’ jagdayi’na G.F.Blagova ha’r ta’repleme toqtap, bul haqqi’nda ilimpazlardi’n’ pikirlerin bes toparg’a bo’lip qaraydi’.[92]

Bizin’she de bul sestin’ tarti’m ha’m seplik jalg’awlari’ arali’g’i’nda keliwi woni’n’ bir ta’repten da’nekerlik xi’zmetine, yekinshi ta’repten, buwi’n menen baylani’sli’ bolg’an singarmoniyali’q qubi’li’s. Al, wo’zbek tilinde woni’n’ jumsalmawi’ wol tilge singarmonizmi joq tillerdin’ yag’ni’y, arab-parsi’ tillerinin’ ta’sirinen bolsa kerek.

Qaraqlpaq tilindegi morfonologiyali’q qubi’li’slardi’ u’yreniw bari’si’nda M.Qudaybergenov wol, bul, sol almasi’qlari’ seplengende l sesinin’ tu’sip qali’p, birinshi ashi’q buwi’ndi’ bekkemlew za’ru’rligi na’tiyjesinde n fonemasi’ interfonema xi’zmetinde jumsalatug’i’nli’g’i’n atap wo’tedi.[93] Bul pikirge de biz toli’q qosi’lami’z.

---

[92] *Благова Г.* Тюркские сложение в ареально-историческом освещении. М., 1982.
[93] *Қудайбергенов М.С.* Қорақалпоқ тилида морфонологик ҳодисалар. АДД. Нукус-2004. 27-бет.

So’zdin’ aqi’ri’ndag’i’ n sonori’ yeski tu’rkiy tilde de, ha’zirgi tu’rkiy tillerde de wo’nimli jumsaladi’: bashk. kon, wo’zb. kun, kaz., qaraq. kun «ku’n», tu’rkm., kaz., qaraq., qi’rg’ ha’m t.b. men «men», sen “sen”[94]

Yeski jazba yestelikler tilinde n sonori’ bir buwi’nli’ ha’m ko’p buwi’nli’ so’zlerde ju’da’ jiyi qollani’lg’ani’n ko’riwge boladi’: ben “men” (Ton, 1), bičin “meshin”, (KTb, 53), altun “alti’n” (KTm 5, Tonb 48. Mog11), budun «xali’q» (Mog, 1) t.b[95].

Ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi so’zlerdin’ aqi’ri’nda da n wo’nimli jumsaladi’: sen, tu’n, pu’tin, tu’tin, jan, sa’n, ta’n, kaban ha’m t.b. Affiksler qurami’nda da wo’nimli qollani’latug’i’nli’g’i’n ko’riwimiz mu’mkin: -i’n//-in, -dan//-den, -tan//-ten, -nan//-nen, -g’an//-gen, -man//-men, -ban//-ben, -pan//-pen ha’m t.b.

Qaraqalpaq tili dialektlerinde ha’m so’ylewde n~t, n~m, n~l sa’ykesligi so’zdin’ aqi’ri’nda ushi’rasadi’: talan-taraj~talam-taraj, sog’an deyin~sog’an deyim, maymi’l~maymi’n, zaman~zamat ha’m t.b.

Uluwma alg’anda n sonori’ ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi so’zlerdin’ tu’rli poziciyalari’nda ha’m affiksler qurami’nda wo’nimli jumsali’w qa’siyetine iye.

**N’ sonori’.** Kishkene tillik, jabi’si’n’qi’ n’ sonori’ tu’rkiy tillerdin’ barli’g’i’nda so’zdin’ basi’nda qollani’lmaydi’. N.K.Dmitrievti’n’ ayti’wi’nsha n’ sonori’ bashqurt tilinin’ yeski so’zlerinde so’zdin’ wortasi’nda ha’m aqi’ri’nda qollani’lg’an.[96] «Bul fonema-dep jazadi’ Sh.Abdinazimov « xakas tilinde n’in’je-jin’ishke, n’ajax-na’reste, bo’pe, n’itke-en’se ha’m t.b. so’zlerde soz basi’nda qollani’li’w jag’daylari’ ushi’rasadi’»[97].

---

[94] *Мусаев К.* Көрсетилген мийнети. 335-бет.
[95] *Щербак А.М.* Грамматика староузбекского языка. 86-бет.
[96] *Дмитриев Н.К.* Грамматика башкирского языка. М.; Л., 1948 24-бет
[97] *Абдиназимов Ш.* Бердақ дөретпелериниң фонетикасы. (Салыстырмалы тарийхый изертлеў). Нөкис-1994. 47-бет.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde n’ sonori’ni’n’ qollani’li’wi’ tek so’zdin’ inlaut ha’m auslaut jag’dayi’ ushi’n ta’n boli’p tabi’ladi’.

So’zdin’ ortasi’nda n’ sonori’ yeki dawi’sli’ni’n’ yaki dawi’sli’ ha’m dawi’ssi’zdi’n’ arali’g’i’nda ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi so’zlerde wo’nimli jumsaladi’: ten’iz, ten’ge, jen’ge, ma’n’gi, dan’q, an’i’z, wo’n’ir, tan’lay, san’laq, jen’is t.b.

Muri’nli’q n’ sonori’ tariyxi’y rawajlani’w na’tiyjesinde tek g’ana n, g’, g seslerine aji’rati’li’p qoymastan, ba’lki tu’bir ha’m qosi’mta shegarasi’nda n ha’m g, g’ seslerinin’ birge keliwinen de payda boladi’: ma’n+ga’>ma’n’a’, sa’n+ga’>sa’n’a’ ha’m t.b.[98]

Ko’pshilik tu’rkiy tillerde n’ sonori’ni’n’ basqa dawi’ssi’zlarg’a wo’tiwi bayqaladi’: n’>n: si’n’i’r (sin’ir) – tu’r.sinir, qar.sinir; sin’ek (shabi’n) yeski tu’rk.sin’ek, tu’r. sinek, gag.sinek; Ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi su’yir (shi’bi’n) so’zi de da’slep shi’bi’n ma’nisnde qollani’lsa kerek, wo’ytkeni so’z wortasi’ndag’i’ n’ sonori’ ko’pshilik tu’rkiy tillerde y ge wo’tken: so’n’u’k, su’n’a’k (su’yek), qaz-su’yek, nog’. siyek; mu’n’iz (mu’yiz)-qaz mu’yiz, qum. mu’yuz.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde so’ylewde ayi’ri’m jagdaylarda n’>n awi’si’wi’ bayqaladi’. Biraq, bul jag’day ju’da’ siyrek boli’p buni’ son’g’i’ so’zdegi n sonori’ni’n’ ta’sirinde ju’z beretug’i’n singarmoniyali’q qubi’li’s dep bahalawg’a boladi’: Wonnan son’ ne qi’lasan’ > onnon son neg’i’lasan’?.

Al, so’ylewdegi meniki, seniki, woni’ki usag’an tarti’mli’ almasi’qlardag’i’ yekinshi buwi’nni’n’ tu’sip qali’p, woni’n’ worni’na n’ sonori’ni’n’ jumsali’wi’n morfemalardi’n’ tariyxi’ menen baylani’si’ti’ri’w mu’mkin: meniki-men’ki, seniki-sen’ki, oni’ki-on’ki. Bundag’i’ n’ sonori’ni’n’ jumsalawi’ yeski morfemali’q tu’birdi saqlag’an, yag’ni’y –niki jalg’awi’ tariyxi’y jaqtan –nin’ki bolg’an bolsa kerek. Son’i’n ala bul

98 *Неъматов Ҳ.* Ўзбек тили тарийхий фонетикаси. Т., Уқитувчи, 1992.66-бет.

jalg’awdag’i’ n’ sonori’ tu’sip qalg’an. Al, so’ylewdegi men’ki so’zindegi n’ yeski formadan qayta awi’sqan boli’wi’ itimal. Qala berse, yekinshi buwi’nni’n’ tu’sip qali’wi’ menen birinshi ashi’q buwi’ndi’ bekkemlew za’ru’rliginen n’ qayta jumsalg’an:

Menin’ki > meniki > men’ki.

Sonday-aq n’ sonori’ tarti’mni’n’ II bet birlik ha’m ko’plik formasi’nda jumsaladi’: -i’n’//-in’,-n’, -i’n’i’z//-in’iz, -n’i’z//-n’iz.

So’zdin’ aqi’ri’ndag’i’ n’ sonori’ yen’ yeski da’wirlerden berli jumsalatug’i’nli’g’i’n ko’pshilik tyurkologlar tasti’yi’qlaydi’.[99] Chuvash tilinde n’ sonori’ so’zdin’ aqi’ri’nda yerinliklerden keyin m tu’rinde, qalg’an yeziwlikler menen kelgende n tu’rinde ushi’rasadi’. Chuv. s'en ~ qqalp.jen’ (jen’iw), chuv. tăm ~ qqalp. ton’ (suwi’q). Qalg’an jag’dayda so’zdin’ aqi’ri’nda n’ sonori’ turaqli’. Ayi’ri’m tillerdegi ha’m dialektlerdegi n’ sonori’ni’n’ basqa dawi’ssi’zlar menen sa’ykesligi tarti’sli’ ma’sele.[100]

Ha’zirgi qaraqalpaq so’ylew tilinde n’ ~ n sa’ykesligi ushi’rasadi’: topalan’ ~ topalan, qali’n’ ~ qali’n ha’m t.b. Al morfemalar shegarasi’nda singarmonizm ni’zami’ boyi’nsha n’ sonori’ni’n’ m boli’p ayti’li’wi’ da gezlesedi: menin’ balam > menim balam, menin’ menen ju’r > menim menen ju’r, menin’ worni’m > menim worni’m. So’ylewdegi n’ sonori’ni’n’ m boli’p ayti’li’wi’ woni’n’ aldi’ndag’i’ m, b dawi’ssi’zlari’ni’n’ ha’m o yerinlik dawi’sli’si’ni’n’ ta’sirinde bolatug’i’n singarmoniyali’q qubi’li’s. Soni’n’ menen birge qaraqalpaq tilinde n’ sonori’ so’zdin’ aqi’rg’i’ poziciyasi’nda wo’nimli jumsaladi’: ten’, jen’, an’, tan’, ken’, won’, ton’, ti’n’, teren’ ha’m t.b.

---

[99] *Мусаев К.* Көрсетилген мийнети. 343-бет
[100] Сонда, 344-бет.

Qi’sqasha aytqanda muri’nli’q [m, n, n’] sonorlari’ ha’zirgi qaraqalpaq tilinde so’zdin’ basi’nda siyrek jumsalatug’i’nli’g’i’ yag’ni’y bul seslerden [m, n] baslanatug’i’n so’zler basqa tillerden wo’zlesken boli’p keledi. So’ylewde so’zdin’ wortan’g’i’ ha’m aqi’rg’i’ poziciyalari’nda bul sesler singarmonizmge baylani’sli’ ha’r qi’yli’ wo’zgersilerge ushi’rap ayti’ladi’. Sonday-aq, affiksler qurami’nda da wo’nimli jumsaladi’.

## Juwmaq

Tildegi ha'r qanday fonema so'zlerde ken'nen qollani'li'w mu'mkinshiligine iye. Belgili bir ses tek bir g'ana so'zde jumsali'p qoymastan, sonday-aq sol tildegi basqa ko'p sandag'i' so'zlerde de jumsala beretug'i'nli'g'i'n, tildegi bir neshe min' so'zlerde az sandag'i' sanawli' fonemalardi'n' tu'rli kombinaciyalarda jumsala beretug'i'nli'g'i'n prof. L.R.Zinder ayri'qsha atap ko'rsetedi. "Tek bir g'ana fonemadan turatug'i'n so'zler tilimizde ju'da' az ushrasadi'. Wonda da wolardi'n' ha'mmesi de g'a'ressiz sintaksislik birlik bola bermeydi. Bir fonemadan ibarat so'zler tek g'ana dialoglarda siyrek ushrasadi'. Mi'sali', rus tilinde "Mi'naw qaysi' ha'rip?" degen sorawg'a "O" yamasa "A" dep juwap beriw mu'mkin[101].

Demek, sesler mudami' birlikte, wo'z-ara qari'm-qatnasta boli'p, tu'rli fonetikali'q jag'daylarda jumsaladi'. Bunda wolar qatan' ni'zamli'li'qqa tiykarlanadi'. Seslerdin' bir-biri menen birigiwi haqqi'ndag'i' ma'seleni analizley woti'ri'p, fonetikada seslerdin' yeki tu'ri bar yekenin ani'qladi'.

Tildegi dawi'sli' seslerdin' dawi'ssi'z sesler menen birigiwi yen' ko'p tarqalg'an ses birikpeleri boli'p tabi'ladi'. Bul jag'dayda dawi'ssi'z sestin' xarakteri ko'binese keyingi kelgen dawi'sli'g'a, tek geypara jag'daylarda g'ana aldi'ndag'i' dawi'sli' seslerge bay'ani'sli' boladi'. Buni'n' yeki sebebi bar: birinshiden, aldi'n'g'i' dawi'ssi'z ses dawi'sli' ses penen bir buwi'n jasaydi'. Yekinshiden, dawi'ssi'zlardi'n' u'nlileniwi toli'q yamasa toli'q yemes boli'wi' mu'mkin. Mi'sali', rus tilinde dawi'sli' sesten keyin u'nli dawi'ssi'zlar keliwi mu'mkin, al dawi'sli' sestin' aldi'nda u'nli dawi'ssi'zlardi'n' keliwi mu'mkin yemes. Dawi'sli' sestin' toli'q u'nsizlesiwi tek g'ana u'nsiz dawi'ssi'z sesler arasi'nda g'ana wonda da pa't tu'spegen buwi'nda redukciyag'a ushrag'an hali'nda g'ana boli'wi' mu'mkin. Bul jag'day lezgin tilinde, sonday-aq ayi'ri'm tu'rkiy tillerinde de bayqaladi'.

[101] Зиндер Л.Р. Общая фонетика. М.,1979, –С.217.

Seslerdin’ sapasi’na, woni’n’ so’zdegi worni’ da yamasa sentagmadag’i’ worni’da ta’sir yetedi. Yeger ses so’zdin’ absolyut aqi’ri’nda tursa, so’ylew ag’zalari’ni’n’ ha’reketsiz halatqa qayti’wi’na baylani’sli’ artikulyaciya processi ju’da’ ku’shsizlenedi. Bul a’sirese, ko’p g’ana tillerde ken’nen tarqalg’an u’nli dawi’ssi’z seslerdin’ u’nsizleniw qubi’li’si’nda ushraydi’. So’zdin’ absolyut basi’, absolyut aqi’ri’na qarag’anda so’ylew ag’zalari’ni’n’ ti’ni’sh turg’an hali’nan wo’zgeriwine baylani’sli’, ayti’wshi’ adam ta’repinen ko’birek di’qqat bo’liwdi talap yetedi. Sebebi, fonaciyani’n’ baslani’wi’ woni’n’ tamamlani’wi’na qarag’anda ku’shlirek process. Sestin’ xarakteri tek woni’n’ so’zdegi worni’na g’ana yemes, al woni’n’ buwi’ndag’i’ jag’dayi’na da baylani’sli’. Dawi’sli’ seslerden keyin keletug’i’n dawi’ssi’z seslerdin’ sani’ da u’lken rol woynaydi’. Yeki dawi’ssi’zdin’ aldi’nda turg’an dawi’sli’ ses bir dawi’ssiz sestin’ aldi’nda turg’andag’i’g’a qarag’anda qi’sqaraq ayti’ladi’.

Seslerdin’ modifikaciyasi’na so’ylew tempi u’lken ta’sir yetedi. So’zler a’ste-aqi’ri’n tempte ayti’lsa, tez ayti’lg’ang’a qarag’anda sesler ani’g’i’raq ayti’ladi’. Tez tempte ayti’lg’an seslerdin’ redukciyasi’ ha’r qi’yli’ fonetikali’q tiykarg’a iye boladi’. Mi’sali’, evenk tilinin’ erbochochen dialektinde u’nli dawi’ssiz’lar tez, bi’raq shala ayti’lsa wo’zinin’ u’nliligin joytadi’, al wortasha tezlikte puxta ayti’lg’anda g’ana u’nlilik saqlani’p qaladi’. A’sirese, joqari’dag’i’day process qaraqalpaq tilinin’ tu’pkilikli so’zlerinde de, rus tili arqali’ kirip kelgen so’zlerde de so’zdin’ aqi’rg’i’ poziciyasi’nda u’nli dawi’ssi’z seslerdin’ yesitiliwi ju’da’ siyrek, to’men da’rejede boladi’. Mi’sali’: shtab, klub, Leningrad, abad, a’wlad, shad, pedagog tu’rindegi so’zlerde jazi’lg’an menen de bizin’ a’debiy so’ylew tilimizde wol u’nli sesler wo’zlerinin’ u’nsiz jubaylaslari’ menen almasadi’. A’lbette, so’ylewdegi bunday process u’nli dawi’ssi’zdi’n’ aldi’nda keletug’i’n juwan dawi’sli’lardi’n’ ta’sirinen bolsa kerek.

Biz bul jumi’si’mi’zda qaraqalpaq tilindegi dawi’ssi’z fonemalardi’n’ fonemali’q qurami’, wolardi’n’ fonologiyali’q belgileri ha’m bul fonemalardi’n’

ha’r tu’rli fonetikali’q poziciyalarda qalay jumsalatug’i’li’g’i’na ken’rek toqtadi’q ha’m to’mendegidey juwmaqqa keldik.

Birinshiden, tilde ha’r bir fonema basqa fonemalardan qanday da bir belgileri boyi’nsha ayi’ri’li’p turadi’ ha’m sol belgileri boyi’nsha fonema si’pati’nda qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. Na’tiyjede jubaylasi’p kelip, kvaziomonimlerdi payda yetedi ha’m wolardi’n’ ma’ni ayi’ri’wshi’li’q xi’zmeti ko’rinedi. Mi’sali’, b – u’nli, qos yerinlik, jabi’si’n’qi’, awi’zli’q boli’p keliwi woni’n’ ma’ni ayi’ri’wshi’, tiykarg’i’ fonologiyali’q belgileri boli’p tabi’ladi’.

Yekinshiden, shawqi’mli’ dawi’ssi’z fonemalar basqa dawi’ssi’zlar si’yaqli’ tiykarg’i’ fonologiyali’q belgilerine iye.

a) U’nli dawi’ssi’zlar qaraqalpaq tilinde *b, v, d, z, j, g/g’* fonemalari’ boli’p, bulardi’n’ bir-birinen ayi’ri’li’p turatug’i’n belgileri boladi’. U’nli dawi’ssi’z fonemalar u’nsiz ha’m sonor fonemalarg’a qarama-qarsi’ qoyi’ladi’: *b* u’nli bolsa, u’nsiz *p* g’a; *d* u’nli bolsa, u’nsiz *t* g’a qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. Mi’sali’, bar – par, dar – tar.

b) U’nsiz dawi’ssi’z fonemalar shawqi’mnan jasali’p, u’nliler si’yaqli’ tiykarg’i’ fonologiyali’q belgilerine iye. U’nli-u’nsiz boli’p qarama-qarsi’ qoyi’li’wi’ turaqli’ yemes. Ayi’ri’m jag’daylarda ma’ni ayi’ri’wshi’li’q xi’zmet atqarmaydi’.

U’shinshiden, tildegi fonemalar tek fonologiyali’q (tiykarg’i’) belgilerdin’ ji’ynag’i’nan g’ana turmay, fonetikali’q (tiykarg’i’ yemes) belgilerden de turadi’. Fonemalardi’n’ tiykarg’i’ belgileri wolardi’n’ fonologiyali’q ta’repi bolsa, tiykarg’i’ yemes belgileri fonetikali’q ta’repi boladi’. Yekewi bir-biri menen ti’g’i’z baylani’sli’. So’zdin’ aqi’ri’ndag’i’ poziciyada u’nli fonemalardan [z], [j] sesleri g’ana ju’da’ ko’p bolmasa da siyreklew jumsaladi’. Al qalg’an [b], [d], [g/g’] fonemalari’ bul poziciyada jumsali’wi’ni’n’ sheklengenligin ko’riwge boladi’. So’zdin’ aqi’ri’nda jabi’si’n’qi’ u’nli dawi’ssi’zlar jumsalmaydi’.

To’rtinshiden, qaraqalpaq tilindegi sonor dawi’ssi’zlar fonetika-fonologiyali’q wo’zgesheliklerine iye boli’w menen birge wo’zine ta’n bolg’an jumsali’w wo’zgesheliklerine de iye. Ko’pshilik ilimpazlar sonor dawi’ssi’zlardi’n’ ko’pshiliginin’ so’zdin’ basi’nda jumsali’wi’ sheklengen, bul seslerden baslang’an so’zlerdin’ wo’zlesken so’zler boli’p keletug’i’nli’g’i’n atap wo’tedi. Solay da, ha’zirgi qaraqalpaq tilinde so’zdin’ basi’nda r, n’ sonorlari’ni’n’ jumsali’wi’ sheklengen. Al qalg’an sonorlar so’zdin’ basi’nda jumsala beredi. So’zlerdin’ wortasi’nda sonor dawi’ssi’zlardi’n’ derlik barli’g’i’ qollani’la beretug’i’ni’ yeski da’wirlerden tap ha’zirgi shekem saqlani’p kiyati’rg’an qubi’li’s. Ko’pshilik tu’rkiy tiller qatari’ qaraqalpaq tilinde de sonor dawi’ssi’zlarg’a metatezali’q, eliziyali’q, protezali’q qubi’li’slar ta’n boli’p keledi. Singarmonizmge muwapi’q sonor dawi’ssi’zlar so’z benen so’zdin’, tu’bir menen qosi’mtani’n’, ha’tte qosi’mta menen qosi’mtani’n’ shegarasi’nda basqa dawi’ssi’zlardi’n’ ta’sirine baylani’sli’ tu’rli wo’zgerislerge ushi’raydi’. Sonor dawi’ssi’zlardi’n’ jumsali’wi’ haqqi’nda aytqanda wolardi’n’ so’ylew menen baylani’sli’ bolg’an fonostilistikali’q xi’zmetleri jo’ninde de ayti’wi’mi’z kerek. Atap aytqanda, wolar so’ylewde a’dettegisinen sozi’li’n’qi’ ayti’li’wi’ arqali’ ha’r qi’yli’ qosi’msha ma’nilik tu’r beredi. Bunday seslerdin’ sozi’li’n’qi’ ayti’li’wi’ ku’ndelikli bir-birimiz benen pikir ali’si’wi’mi’zda aytajaq pikirimizdin’ ta’sirin ku’sheytip beredi. So’ylewshinin’ ishki sezimlerin, ku’yinish ha’m su’yinish, quwani’w yaki qapa boli’wi’n ha’m t.b. bildiriw menen birge ko’rkem shi’g’armalardag’i’ qaharmanlardi’n’ da ha’r qi’yli’ psixikali’q ha’m ruwxi’y halatlari’n ashi’p beriwde jazi’wshi’ ta’repinen seslerdin’ sozi’mli’li’g’i’ grafikag’a yengiziliwi mu’mkin.

# PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR

## I. Siyasiy a’debiyatlar


1. Каримов И.А. Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш. Ташкент, 2008.

**II. Monografiya, sabaqli’qlar, toplamlar ha’m ko’p tomli’q kitaplar**

2. Абдуллаев Ф.А. Фонетика хорезмских говоров узбекского языка. Ташкент, 1967.
3. Айғабилов А. Қазақ тилиниң морфологиясы. Алма-Ата,1995.
4. Аралбаев Ж. Фонетическая система современного каракалпакского языка. АКД. Алма-Ата, 1949.
5. Аралбаев Ж. Вокализм казахского языка. Алма-Ата, 1970.
6. Аханов К. Тил билиминиң негиздери. Алма-Ата, 1973.
7. Ахундов А. Система фонетика современного азербайжанского языка. Баку, 1964.
8. Абдиназимов Ш. Бердақ шығармаларының тили. Ташкент, 2006.
9. Баскаков Н.А. Краткая грамматика каракалпакского языка. Турткуль, 1931.
10. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. Фонетика. часть II. Москва,1952.
11. Батманов И.А. Современная древняя Енисейка. Москва, 1962.
12. Богородицкий В.А. Введение в татарское языкознание. Казань, 1953.
13. Бекназарова Р.С. Консонантизм современного каракалпакского литературного языке. /экспериментально-фонетическое исследовании/. Киев,1972.
14. Бердимуратов Е. Ҳәзирги қарақалпақ тили (Дәулетов пенен бирликте). Нөкис, 1979.

15.Гулямов А.Г. Провлемы исторического слово-образования в узбекском языке. Рукопись докторской диссертации. Ташкент,1958.
16.Даулетов А. Вокализм каракалпакского языке. Самарканд,1976.
17.Даулетов А. О стечении согласных звуков в каракалпакском языке. Советская тюркология, 1981.
18.Дәўлетов А. Қарақалпақ тилинде сингормонизм. Нөкис, 1993.
19.Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси. Нөкис, 1995.
20.Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика. Нөкис, 1999.
21.Дәўлетов М, Дәўенов Е. Қарақалпақ тилинин имла сөзлиги. Нөкис, 1997.
22.Дмитриев Н.К. Двойные согласные в тюркских языках. –ИСГТЯ. I фонетика. Москва, 1955.
23.Зиндер Л.Р. Общая фонетика. Москва, 1979.
24.Кеңесбаев С. Мусабаев ғ. Ҳәзирги қазақ тили. Алма-Ата, 1975.
25.Калиев В. О редукции гласных звуков в каракалпакском языке. Алма-Ата, 1967.
26.Қудайбергенов М. Қаракалпак тилиниң морфонологиясы. Нөкис, 2005.
27.Малов С.Е. Памятники древнетюркской письменности. Москва, 1952.
28.Малов С.Е. Заметки о каракалпакском языке. Нукус, 1966.
29.Мелиоранский П М. Краткая грамматика казахско-киргизского языка. Ч.1. –Спб.,1994.
30.Мелиоранский П.М. Араб-филолог о турецком языке. –Спб.,1900.

31. Насыров Д.С. Становление каракалпакского общенародного разговорного языка и его диалектная система. -Нукус -Казань, 1976.
32. Насыров Д.С, Доспанов О, Бекбергенов А, Сайтов Д Қарақалпақ әдебияты классиклери шығармаларының тили. Нөкис, 1995.
33. Неъматов Ҳ. Узбек тили тарихий фонетикаси. -Ташкент, 1992.
34. Поливанов Е.Д. Некоторые фонетические особенности каракалпакского языка. //Труды Хорезмской экспедиции. Ташкент, 1933.
35. Ражабов Н. Узбек диалектологиясидан қулланма./фонетик ходисалар/ Самарканд, 1974.
36. Сайтов Д. XVIII-XIX әсирлердеги қарақалпақ шайырлары шығармаларынын тили. Нөкис, 1989.
37. Севортян Э.В. Фонетика турецкого литературного языка. Москва, 1965.
38. Томанов М. К истории совместно-орудного падежа в казахском языке. Алма-Ата, 1982.
39. Трубецкий И.С. Основы фонологии. Москва, 1960.
40. Убайдуллаев К. Ҳәзирги заман қарақалпақ тили. Фонетика. Нөкис, 1965.
41. Убайдуллаев К. Қарақалпак тили бойынша таңламалы мийнетлери. Нөкис, 1976.
42. Щербак А.М. Сравнительная фонетика тюркских языков. Ленинград, 1987.